ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№120 (24.714) • 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

ЦIыхубэм я дзыхь КIуэкIуэ Казбек аргуэру ирагъэз!

Депутатхэм Iэ яIэт

Жэпуэгъуэм и 3-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и пленарнэ зэхуэсыр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэхыным.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкIыу щыIэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, Конституцэ Судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым, хабзэхъумэ органхэм, щIыналъэхэм, КъБР-м и ХэкаIуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, политикэ партхэмрэ творческэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, журналистхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ зэIущIэр къызэIуихащ икIи зыхэплъэнур зы Iуэхугъуэ закъуэу зэрыщытыр къыхигъэщащ. КъБР-м и Конституцэм и 79-нэ статьям ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм илъэситхукIэ хах. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2024 гъэм фокIадэм и 3-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым и 23-нэ статьям и 8-нэ Iыхьэм къызэригъэувым тету, къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэу щытыну зыхуигъэфащэ цIыхуищым я унэцIэхэр. Ахэр: Войтов Алексей Иван и къуэ - «Илар» ООО-м и унафэщIыр, КъБР-м и Парламентым и депутатыр; КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэр - КъБР-м и Iэтащхьэр; Шаваев Ильяс Паго и къуэр - КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр.

Республикэм и Iэтащхьэ хъуну къагъэлъэгъуа къулыкъущIэхэм зэман хухахри, щхьэж и программэр убгъууэ къызэхуэсахэм я пащхьэ кърахьащ. Войтовым и къэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ нобэ республикэм къыпэщылъ къалэнхэр зыхуей хуэзэу зэфIэха хъун папщIэ, депутатхэм я пщэм къалэн куэд къызэрыдэхуэм, хьэрычэтыщIэ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ ират къэрал дэIэпыкъуныгъэр зэпыбгъэу зэрымыхъунум, коммунистхэм нэхъапэу къалъытэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, нэгъуэщIхэми. Шаваев Ильяс и программэм щызэпкърихащ республикэм и зыужьы-ныгъэр къэзышэну къилъытэ Iуэхугъуэ зыбжанэ.

КIуэкIуэ Казбек утыку кърихьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2030 гъэ пщIондэ зэрызиужьыну хэкIыпIэхэмрэ 2036 гъэ пщIондэ щIапхъэхэмрэ. Апхуэдэуи депутатхэм фIыщIэ щахуищIым жиIащ ахэр хэзыха цIыхубэми зэрыхуэарэзыр, хэхыныгъэхэр щекIуэкIым цIыху мин 400-м Iэ яIэтыну къызэрыдэкIар, абыхэм ящыщу мин 264-р «Урысей зэкъуэтым» и телъхьэу зэрыщытар. Нобэ къыхукъуэкIа Iэмалыр Iэтащхьэм къелъытэ блэкIа илъэсхэм илэжьам къыпэкIуауэ, икIи жэуаплыныгъэ ин зэрыпылъыр зэрызыхищIэр жиIащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Къэрал хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткIэ, КъБР-м и Iэтащхьэу хаха КIуэкIуэ Казбек и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа дауэдапщэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ. А зэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэ Куренной Александр, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат, Дагъыстэн Республикэм и Лъэпкъ Зэхуэсым и Унафэщl Аскендеров Заур, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и тхьэмадэ Темрезов Рашид, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Iэтащхьэ Меняйло Сергей, Шэшэн Республикэм и Парламентым и тхьэмадэ Жамалдаев Шаид, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир.

УФ-м и Президентым и Администрацэм, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, Федеральнэ Зэхуэсым и сенаторхэр, КъБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм, Суд Нэхъыщхьэм я унафэщIхэр, депутатхэр, министрхэр, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр, жылагъуэр хэтащ мы Iуэхум. ЗэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщl Егоровэ Татьянэ къеджащ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу зэрыхахамкIэ Парламентым и Унафэм.

- 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIа «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лIыкIуэ (законхэр къыдэзыгъэкI), гъэзэщIакIуэ органхэр къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм ятеухуауэ» КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм пэжу зэрахуэлэжьэнум теухуауэ.

ЗэIущIэм къыщеджащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщl Матвиенкэ Валентинэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил сымэ къагъэхьа телеграммэхэм.

(КIэухыр 3-нэ нап.)

Къулыкъум пэрохьэ

Федеральнэ законым и 20, 23-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм и 79-нэ статьям, 2014 гъэм и мэлыжьыхьым и 23 гъэм къыдэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм зэрыхах щIыкIэм и IуэхукIэ» республикэ законым и 3-нэ статьям къызэрагъэувым тету, КъБР-м и Парламентым унафэ ещI, щэхуу екIуэкIа IэIэтым кърикIуахэмкIэ, КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэр илъэситхукIэ КъБР-м и Iэтащхьэу хахыну, - жиIащ Егоровэм икIи дыщIигъуащ дэфтэрым а махуэм щыщIэдзауэ къару зэригъуэтыр, ар Урысей Федерацэм и Президентым зэрыхуагъэхьынур.

Абы иужькIэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Iэр КъБР-м и Конституцэ тхылъым трилъхьэри, тхьэ иIуащ зыпэрагъэува IэнатIэм пэрытыху цIыхум и хуитыныгъэр зэрихъумэнум, УФ-м, КъБР-м я Конституцэхэм къагъэувкэр зэригъэзэщIэнум, республикэм и къэралыгъуэр, шынагъуэншагъэр къызэрызэригъэпэщынум, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм пэжу зэрахуэлэжьэнум теухуауэ.

ЗэIущIэм къыщеджащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщl Матвиенкэ Валентинэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил сымэ къагъэхьа телеграммэхэм.

(КIэухыр 3-нэ нап.)

Депутатхэм Іэ яІэт

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Дяпэкlэ дызэлэжьын хуейуэ сэ зи гугъу сщІынухэм лъабжьэ яхуэхъур УФ-м и Президентым Накъыгъэ Унафэхэм къыщигъэлъэгъуахэрщ, ди лъахэм щыпсэухэм я гурыгъу-гурыщІэхэрщ. Дызыхуейкэр зэдгъэхъулІэн папщІэ сэбэп къытхуэхъунущ лъэпкъ проектхэр, социально-экономикэ зыужьыныгъэр, бюджет зэгъэзэхуар, - жиІащ КІуэкІуэм. - Фэ фызэрыщыгъуазэщи, республикэм псори зэхэту къыщалэжьым и бжыгъэр тІуклІэ нэхъыбэ хъуащ, сом меларди 10 и уасэ диІауэ арати, мелард 20-м нэсащ, щыналъэм ику иту щат улахуэр хуэдэ 1,7-кІэ хэхъуащ (сом 25776-у щытамэ, сом 45337-рэ хъуащ), къулейсызхэм я бжыгъэр процент 40-кІэ къехащ, процент 14 нэхъ мащІэ хъуащ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэри. Экономикэм зэрызиужьымрэ бюджетым хэхъуэ зэриІэмрэ я фІыгъэкІэ псэукІэм ехьэлІа Іуэху куэдрэ къэрал мыхьэнэ зиІэ къалэнхэмрэ зэфІыдогъэкІыф. Ар нэхъри егъэфІэкІуэныр псом япэ игъэщыпхъэхэм ящыщщ.

Дэтхэнэ зыми фІыуэ къыдгуроІуэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу нобэ ди пщэ дэлъ къалэныр дзэ Іуэху хэхам къытхуигъэувкэр зэфІэгъэкІыныр зэрыарар. Абы дызыхуишэнур Урысейм и шынагъуэншагъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ хъумэнырщ. Абы къыхэкІыу сыт и лъэныкъуэкІи защІэдгъэкъуэн хуейщ дзэ Іуэху хэхам хэт ди щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

Нобэ мы утыкум ситуу иджыри зэ фІыщІэ хуэзсщІыну сыхуейщ ди лІыхъужьхэм, хахуагъэ яхэлъу, я псэ емыблэжу Хэкур зэрахъумэм папщІэ. Апхуэдэуи ТекІуэныгъэр нэхъ гъунэгъу къытхуэхъун папщІэ зи гуащІэ мащІэ хэзылъхьэ дэтхэнэ цІыхуми фІыщІэ хузощІ.

Пэжщ, зэи Іэпэдэгъэлэл тщІы хъунукъым къалъхуэхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэныр, цІыхуэхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэныр, унагъуэхэм защІэгъэкъуэныр. Ди гуапэ зэрыхъущи, иужьрей илъэсхэм хэхъуэ диІэщ, сабийхэр нэхъыбэ мэхъу, лІэхэм я бжыгъэм хощІ, нэхъыбэрэ псэухэр мащІэкъым. Ауэ абы емылъытауэ, зи гугъу сщІы лъэныкъуэм иджыри делэжьын хуейщ, 2030 гъэм ирихьэлІэу илъэс 80-м щІигъуклІэ псэухэм я бжыгъэр хэдгъэхъуапхъэщ.

Абы папщІэ узыншагъэр зыхъумэ Іэнатlэм зедгъэужьын хуейщ Іэмал имыІэу. Сымаджэщ куэд зыхуэй хуэдгъэзэжащ, поликлиникэхэр, амбулаторэхэр, ФАП-хэр доухуэ. Илъэситхуэм къриубыдэу технологие лъагэхэмкІэ зэрылажьэ Іэмэпсымэу зы минрэ ныкъуэрэ къэтщэхуащ. Сэ сыхуейщ 2030 гъэ пщІондэ узыншагъэм щыкlэлъэплъ, щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапlэу 90-м нэс едгъэфІэкІуэну, ахэр Іэщ Іагъэлі-хэмкІэ къызэдгъэпэщыну.

Спортым и гугъу пщІымэ, федеральнэ проектхэм къадэкІуэу, етІанэгъэ щыщІэдзауэ республикэ бюджетым къыхэкІыу спорт Іуэхущ Іапlэ зыбжанэ духуэну ди мурадщ. Дэтхэнэ зы къуажэми дэтын хуейщ иджырей мардэхэмкІэ щІа спорт унэхэмрэ утыкухэмрэ.

2021 гъэ лъандэрэ бюджет Іэнатlэм пэрытхэм я улахуэр хуэмурэ хыдогъахъуэ. ЦІыхухэм я хэхъуэри зэрыдэкІуейр нэрылъагъущ. Ди мурадщ адэкІи а Іуэхухэр едгъэфІэкІуэну, 2030 гъэм ирихьэлІэу хуэмыщІахэм я бжыгъэр проценти 7-м нэс къедгъэхыну.

Егъэджэныгъэ Іэнатlэр пэрыту зызыужьхэм ящыщщ. 2018 гъэ лъандэрэ школ 15 духуащ, иджыпсту 10 яухуэ. Егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапlэу пщІы бжыгъэхэр зэдгъэпэщыжащ, ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм гъэугу еттын папщІэ «Точка роста» зыужьныгъэ утыкухэр, «Кванториум» технопаркхэр къызэІудох, «профессионалитет» проектым зыдогъэубгъу. Абы къищынэмыщІауэ, егъэджакІуэм и Іулыджыр едгъэфІэкІуэн мурадкІэ, я улахуэм хыдогъахъуэ, ауэ ари зэпэщауэ щыткъым, дяпэкІи дегугъун хуейщ.

ЩІалэгъуалэм яхуэгъэзауэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм фІыуэ кърикІуэнкІэ хъуну псори зэрызэдгъэхъулІэным иужь дитщ. КъыдэкІуэтей щІэблэм я зэхэщІыкІым зиужьын, зыхуейр ящІэжу къэхъун папщІэ, абыхэм я зэхуэсыпІэхэр, еджапІэхэр къызэІудох, центр щхьэхуэхэр къызыдогъэпэщ, дызыхуэкІуэ илъэситІым щІыналъитхум иджыри лэжьэн щыщІадзэнущ апхуэдэ центрхэм. ЕтІанэгъэ щІалэгъуалэ лагерь къызэдгъэпэщыну ди мурадщ.

КъызэрымыкІуэу ахъшэшхуэ хухэтхащ щэнхабзэм. Лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ къытІэрыхьа ахъшэр тедгъэкІуэдащ театрхэм, музейхэм, библиотекэхэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэр зыхуейзыхуэфІкІэ къызэдгъэпэщыным, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэным. Иужьрей илъэситхум щэнхабзэм епха Іуэхущ Іапlэу 80 зэдгъэпэщыжащ е щІэуэ духуащ.

«ПсэукІэр езыгъэфІакІуэ тынышпІэхэр» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ псэупІэ ухуэнри, къат куэду зэтет унэхэм я гъунэгъуу тыншыпІэхэр къыщызэгъэпэщынри нэрылъагъуу ефІэкІуэнущ. Апхуэдэуи газрэ псырэ здынэмыса щІыпІэхэм нэдгъэсыну ди мурадщ зэман гъунэгъум. ПсэупІэ-коммунальнэ Іэнатlэм къыщытпэщылъ гугъуехьхэри солъагъу, абыхэм я хэкІыпІэхэри зэман гъунэгъум къэдгъуэтынущ. Гъуэгум и гугъу пщІымэ, илъэситхум къриубыдэу автомашинэ гъуэгуу километр 1000 зэдгъэпэщыжащ, дяпэкІи иджырей мардэм изагъэ гъуэгущІэхэр тетлъхьэнущ, къыщыбжьхьыныр шынагъуэншэу щытын папщІэ.

Зи гугъу сщІы псори къыдэхъулІэн щхьэкІэ, экономикэм и зыужьныгъэрщ псом япэ игъэщыпхъэр. 2030 гъэ пщІондэ щІыналъэм къыщалэжьыр сом мелард 700 и уасэ тщІыну дыхуейщ. Апхуэдэ мурадхэр зэдгъэхъулІэн папщІэ ерыскъы, хьэпшып къыщІэзыгъэкІхэр технологие лъагэхэмкІэ зэрызэгъэпэщын хуейщ, ар къыщыдэхъулІэнур инвестицэхэр куэду къыхедгъалъхьэмэщ. Президентым зэрыжиІам тету, 2030 гъэ пщІондэ мэкъумэш Іэнатlэм къыщыдлэжьыр процент 25-кІэ хэдгъэхъуэн хуейщ 2021 гъэм елъытауэ. Сэ быдэу си фІэщ мэхъу ар зэрытхузэфІэкІынур, уеблэмэ а пІалъэр къэмысу зырэ ныкъуэкІэ тхуэгъэбэгъуэнущ къыщІэдгъэкІыр.

Апхуэдэщ туризм Іэнатlэри. 2030 гъэр къэсыху ди лъахэм зыгъэпсэухакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр мелуани 2,5-м нэдгъэсыну ди мурадщ, абы къыпэкІуэну ахъшэр ВРП-м и процент 8 хъунущ. Дяпэкlэ «Іуащхьэмахуэ» курортым зедгъэужьынущ, иджыпсту «Налшыкым» нэхъ долІалІэ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Мы зи гугъу сщІыхэр нэрылъагъу хъун папщІэ, жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыгъэ диІэн хуейщ. Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ жылагъуэ зэгуры-Іуэныгъэмрэщ республикэм мамырыгъэр щызыхъумэнур. Си дежкІэ нэхъ лъапІэ дыдэр Къэбэрдей-Балкъэрым ис лъэпкъхэмрэ Хэкумрэ сэбэпынагъ кахуэхэсхьу сылэжьэнраци, абы зэи сытекІынукъым.

Іэнатlэ лъагэр зыхуагъэлъэгъуахэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр зэпкърахащ КъБР-м и Парламентым хэт фракцэхэм я тхьэмадэхэм. ЗэІущІэм къыщыпсэлъа АфэщІагъуэ Михаил («Урысей зэкъуэт»), Пащты Борис (КПРФ), Кебеков Владимир («Захуагъэм тет Урысей»), Безгодькэ Владимир (ЛДПР), Щхьэгъэпсэу Сэфарбий («Щхъуантlэхэр») сымэ жаІащ республикэм и Іуэхухэр дэзыгъэкІыну цІыхухэр къэгъэлъэгъуа зэрыхъуар. Ауэ къэпсэлъахэм я нэхъыбэр КІуэкІуэ Казбек и телъхьэу зэрыщытыр къыхагъэщащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым зэрыжиІам тету, депутатхэр щІэкІри, хэхьпІэхэм Іэ щаІэтащ.

КъБР-м и Парламентым КъБР-м и Іэтащхьэр хэхьным теухуауэ къыщэригъэпэща зэІущІэр щІидзэжри, щэхуу екІуэкІа ІэІэтым кърикІуахэр Къзэыбж комиссэм и тхьэмадэ ТекІушэ Артур утыку кърихьащ. КъБР-м и Парламентым и депутатхэр 70 зэрыхъур, абыхэм ящыщу 69-рэ нобэ къызэрырихьэлІар, апхуэдиз дыдэ бюллетень зэрагъэхьэзырар жиІащ къэпсалъэм.

Депутатхэм Іэ яІэта нэужь, бжыгъэхэр къалъытэжри, наІуэ къащІащ: Войтов Алексейрэ Шаваев Ильясрэ щхьэкІэ зыми Іэ иІэтакъым, КІуэкІуэ Казбек а Іэнатlэр хуэфащэу къалъытащ депутат 69-м.

Апхуэдэ щыкlэкІэ, депутат псори зэдзэарэзыуэ КъБР-м и Іэтащхьэу иджыри илъэситхукІэ лэжьэну хахыжащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхахым и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къулыкъум ягъэувын папщІэ Урысей Федерацэм и Президентым къыхилъхьа кандидатурэхэм хэплъауэ, «Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и лІыкІуэ (законхэр къыдэзыгъэкІ), гъэзэщІакІуэ органхэр къызэгъэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм ятеухуауэ» 2021 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдагъэкІа Федеральнэ закон №414-ФЗ-м и 20-нэ, 23-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 79-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм зэрыхах щІыкІэм и Іуэхукlэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м къыдагъэкІа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №19-РЗ-м и 3-нэ статьям япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Щэхуу Іэ зэраІэтам кърикІуам ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэу илъэси 5 пІалъэкІэ хэхын КІуэкІуэ Казбек Валерий и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

3. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Президентым хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іи ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№29-П-П

ЕхъулІэныгъэхэр фиІэну!

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ЕгъэджакІуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ Іэнатlэм пэрытхэу, ветеранхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Си гуми си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи Іэщ Іагъэм и махуэмкІэ.

Егъэджакlуэр Іэщ Іагъэ къудейкъым, абы укъыхуигъэщ Іауэ, уи гурэ уи псэрэ хуэзІухауэ щытын хуейщ. А Іэнатlэм ущыпэрытым деж щІэныгъэм и закъуэкъым сабиймептыр, атІэ псэкупсэ къулеягъкІи, лъагъуныгъэкІи уадэгуэшэн хуейщ. Фи лэжьыгъэр, шыІэныгъэр, дэІэпыкъуныгъэр, гулъытэр цІыкІухэм сэбэп яхуохъу я зэфІэкІыр къызыкъуахынымкІэ, я къэухьым зиужьынымкІэ, я увыпІэр гъащІэм къыщагъуэтыжынымкІэ. Фи еджакІуэхэм Хэкур фІыуэ евгъэлъагъукІэрэ, къэрал тхыдэр евгъащІэкІэрэ, ди лъэпкъ хабзэхэм щІэфІыкІкІэрэ фэ къэралым и хэкулІ нэсхэр фогъасэ. Абы щыхьэт тохъуэ ди еджапІэхэр илъэс зэхуэмыдэхэм къаухауэ нобэ дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, Урысейм и щхьэхуитыныгъэр зыхъумэхэр.

ФІыщІэ фхузощІ фи гуащІэдэкІ хьэлэлым папщІэ, къыхэфха Іэщ Іагъэм фызэрыхуэпэжым, флъэкІыр влэжьу фызэрыпэрытым щхьэкІэ. Дэ иджыри иужь дитынущ республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатlэр егъэфІэкІуэным. Дяпэкlи школыщІэхэр духуэнущ, жьы хъуахэр къэдгъэщІэрэщІэжынущ, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэдгъэпэщынущ, егъэджакІуэхэм дадэІэпыкъунущ.

Сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиІэну, фІыгъуэшхуэ зыпылъ фи Іэщ Іагъэм ехъулІэныгъэхэр фыщиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Хэкумрэ ифІ зыхэлъ Іуэхухэр дэвгъэкІыну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатlэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

ХьэІупщы ФатІимэт Сулътlан и пхъум - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и «ЩІэныгъэ гуэдзэн егъэгъуэтынымкІэ район центр» егъэджэныгъэ гуэдзэнымкІэ муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапlэм щІэныгъэ гуэдзэнымкІэ и егъэджакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ»

Аттаевэ Раузат Назир и пхъум - Налшык къалэ округым щыІэ «Совет Союзым и ЛІыхъужь Байсултанов А. Ю. и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ №19» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапlэм тхыдэмрэ обществознаниемкІэ и егъэджакІуэм,

Малаховэ Наталье Николай и пхъум - Налшык къалэ округым щыІэ «Предмет щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж курыт еджапІэ №9» курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ Іапlэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м
№86-УГ

Къулыкъум пэрохьэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

«ПщІэ зыхъуэсщІ Казбек Валерий и къуэ! Сынохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэу иджыри зы пІалъэкІэ узэрыхахьжамкІэ. Уэ уи Іэщ Іагъэм фІыуэ зэрыхэпщІыкІым, узэпэрыт къулыкъум и пІалъэр зэрыпщІэм, уи мурадхэр зыІэрыбгъэхьэфу узэрыщытым къыхэкІкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм, щыІэкІэ-псэукІэм зэпІэзэрыту зиужь хъуащ, цІыхухэм я псэукІэр нэрылъагъуу ефІэкІуащ. Си фІэщ мэхъу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советымрэ КъБР-м и къэрал къулыкъущІапІэхэмрэ зэдэлэжьамэ, дяпэкІи Іуэхуфі куэд къызэрыпэкІуэнур. Уи къэрал къулыкъу лъагэм ехъулІэныгъэхэр ущиІэну сынохъуэхъу», - щыжеІэ Матвиенкэ Валентинэ телеграммэм.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил къыхегъэщ: «ІэІэтым кърикІуахэр иджыри зэ щыхьэт техъуащ уи Іэнатіэм узэрыхуэІэижьым, къалэн гугъухэм псынщІэу хэкІыпІэ къазэрыхуэбгъуэтыфым, щІыналъэм зиужьынымкІэ, цІыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэнымкІэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфІэпхым. ХьэлыфІу уэ пхэлъымрэ уиІэ зэфІэкІымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрми къэрал псоми иджыри фІы куэд къызэрыхуахьынум шэч кьытесхьэркъым. Сынохъуэхъу узыншагъэ быдэрэ ехъулІэныгъэшхуэхэмрэ уиІэну!»

Куренной Александр къеджащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Чайкэ Юрий зэрызыкъыхуигъазэ псалъэм. «Сынохъуэхъу, Казбек Валерий и къуэ, КъБР-м и Іэтащхьэу узэрыхахамкІэ. Уэ дзыхьышхуэ къыпхуащІащ УФ-м и Президентымрэ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ. Абы, дауи, лъабжьэ хуэхъуар егупсысауэ, зэгъэзэхуауэ ебгъэкІуэкІа лэжьыгъэрщ, псэукІэм, экономикэм, жылагъуэ, политикэ Іуэхухэм цІыхухэм ягу дыхьэу узэрыхэлІыфІыхьарщ. Илъэсихым къриубыдэу фэ куэдым фыхунэсащ, промышленностым, мэкъумэш, ухуэныгъэ, туризм Іэнатіэхэм зыужьыныгъэ нэрылъагъуэхэр ягъуэтащ, дяпэкІи апхуэдэу жыджэру улэжьэну ди гуапэщ».

Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат къыщыпсалъэм жиІащ КІуэкІуэ Казбек щылэжьа пІалъэр тыншу щымытами, зэманым кьыхуигъэув къалэн гугъу псоми зэрыпэлъэщыр.

- Уэ сытым дежи къыпкъуэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цІыхубэр, къыбдоІэпыкъу федеральнэ центрыр, апхуэдэуи Адыгейм щыпсэухэр гукІи псэкІи уи телъхьэщ. Узэрылэжьа пІалъэм къриубыдэу мы хэгъэгум дахэу зихъуэжащ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм ехъулІэныгъэшхэр щызыІэригъэхьащ, дяпэкІи апхуэдэ лъэбакъуэщІэхэм къыхэвгъахъуэу зэрекІуэкІынум шэч кьытесхьэркъым.

Уэ уи фІыгъэкІэ иужьрей илъэсхэм адыгэ зэрыс республикэхэм я зэхуаку дэлъ къуэш зэпыщІэныгъэхэр нэхъри дгъэбыдащ. Дэ дызэгурыІуэу ди лъэпкъ Іуэхухэр догъэкІуатэ, зэгъусэу долэжь ди цІыхухэм я псэукІэр нэхъыфІ щІыным. Адэкіи къыпытщэнущ дэтхэнэ лъэпкъым дежкІи щхьэпэу Президентым кьытхуигъэув къалэнхэр зэфІэхыным, - жиІащ КъумпІылым.

Адыгейм и Іэтащхьэм и къэпсэлъэныгъэр адыгэбзэкІэ иухыжащ: «Мамырыгъэ фиІэу, фи Іуэхухэр ефІакІуэу, фызыхуей псоми фи Іэр нэсу куэдрэ Тхьэм фыщигъэІэ!»

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и тхьэмадэ Темрезов Рашид жиІащ КІуэкІуэ Казбек къыдэлажьэ гупым яхуигъэув къалэнхэр зыхуэдэр фІыуэ зэрищІэр, ар зэрахуэзфІэкІынри зэрынэрылъагъур. Апхуэдэуи дыщІигъуащ дзэ Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэм Іэтащхьэм гулъытэшхуэ зэрахуищІыр, зэрахьхьэр, зэрадэІэпыкъур куэд зэриуасэр, КІуэкІуэм зыхуигъэувыж мурад псори зэрызригъэхъулІэнур и фІэщ зэрыхъур.

- Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэгурыІуэу, зэдэІужу, лъытэныгъэрэ гуапагъэрэ я зэхуаку дэлъу къызэдогъуэгурыкІуэ. Дэ а щапхъэм дытету дызэрызэдэлажьэр, дызэрызэхущытыр, шэч хэмылъу, ди Іэнатіэми къыщытхуосэбэп, - жиІащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Іэтащхьэ Меняйло Сергей къыщыпсалъэм.

Шэшэн Республикэм и Парламентым и тхьэмадэ Жамалдаев Шаид къеджащ ШР-м и Іэтащхьэ Кадыров Рамзан къигъэхьа хъуэхъу тхыгъэм. Шэшэн Іэтащхьэми къыхигъэбелджылыкІащ КІуэкІуэр етІуанэ пІалъэкІэ зэрыхахьжар Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми я зыужьыныгъэм жэуаплныгъэ ин пылъу зэрыхуэлажьэм къызэрыпэкІуар, абы и Іэзагъымрэ зэфІэкІымрэ иджыри Іуэхуфі куэд къаззэрыхуихьынур къыхигъэщащ.

Гум къыбгъэдэкІыу къэпсэлъащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир.

- ЕхъулІэныгъэшхуэхэр уиІащ мы илъэсихым. Сэ куэд жысІэнукъым. ФІыщІэ пхуэсщІыну сыхуейщ си сабиигъуэр щыкІуа Прохладнэ къалэм щхьэкІэ. Гъуэгухэр щевгъэфІэкІуащ, Щэнхабзэмкіэ унэ дэфщІыхьащ, псэукІэм зыщиужьащ. Машиниплі щызэблэжьыфу фщІа гъуэгухэм щхьэкІэ фІыщІэ ин фхузощІ. Іуащхьэмахуэ лъапэ зэрызевгъэужьым щхьэкІэ щхьэхуэу сыфхуэарэзыщ сэри, си унагъуэри, ставропольдэсхэри. Ахэр къэкІуэну, зыщагъэпсэхуну яфІэфІщ фи республикэм.

Езы КІуэкІуэр къыщыпсалъэм псом япэу фыщІэ хуищІащ УФ-м и Президент Путин Владимир дзыхь къыхуищІу Іэнатіэр иджыри зэ къызэрыхуигъэльэгъуам папщІэ, апхуэдэуи депутатхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэмрэ псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ, ахэр къызэрыщыгугъ псори зэфІигъэкІын папщІэ и къаруи, щІэныгъи, зэфІэкІи зэрыщымысхьынур, хуей хъумэ, и узыншагъэри хилъхьэну зэрыхьэзырыр жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дызэкъуэту

Ди щІалэхэм зыщІагъакъуэ

Дзэ Іуэху хэхам щыІэ ди щІалэхэм республикэ унафэщІхэм сыт щыгъуи я нэІэ трагъэтщ. Дыгъуасэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым кьрилъхьащ: «Дзэ Іуэху хэхам хэтхэм мызыгъуэгум техникэ и лъэныкъуэкІэ защІэдгъэкъуащ, абы дутІыпщащ автомобилу 4, квадроциклу 5, квадрокоптеру 38-рэ, БПЛА детектору 5.

Зауэ губгъуэм ит командирхэр къызыщІэлъэІуа техникэхэр си унафэкІэ зэрагъэуІуащ мэкъумэш хьэрычэтыщІэхэмрэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ.

ФІыщІэ хэха хузощІ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Демченкэ Иван мы Іуэхум къызэрыхэувам папщІэ».

ЛІыгъэщІапІэ

Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам япэ махуэхэм щегъэжьауэ хэтщ ди республикэм щыщ щІалэхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри лІыгъэ щІапІэ йохуэ, псэзэпылъхьэпІэхэм Іуоуэ, гухэщІи ялъагъу. Къулыкъу гугъум упэрытын икІи упэлъэщын папщІэ Іэчлъэчагъэ, лъэщагъ е Іущагъ къудейри мащІэу къыщІэкІынущ. ЗауэлІым иІэн хуейщ япэкІэ зыгъаплъэ, къару къыхэзылъхьэ гупсысэхэр. Ди щІалэхэм апхуэдэ гупсысэ-щІэгъэкъуэн яхуохъу Хэкум, унагъуэм, фІыуэ ялъагъу цІыхухэм ятеухуахэр. Дзэ Іуэху хэхар къызэрыхъуу, ар щекІуэкІ щІыпІэм нэсахэм ящыщщ ди адыгэ щІалэ, Урысейм зыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм хэт Сомгъур Алим. Ар гвардием и сержантщ.

- АРМЭМ сыкъикІыжщ, илъэс зыбжанэ дэкІри, къулыкъу сщІэну контрактым Іэ тездзащ. Илъэс 12 хъуауэ сыхэтщ абы, - жеІэ Алим, и Іуэхущапіэм тепсэлъыхьу. - Сэ контракткІэ къулыкъум сыпэрытти, дзэ Іуэху хэха щекІуэкІ щІыпІэм сыкІуэным е сымыкІуэным сегупсысын хуей хъуакъым. Си кьалэнт, си лэжьыгъэт. Къэралым дзэм епха Іуэху къылъыкъуэкІ хъужыкъуэмэ, Хэкум укъыщхьэщыжыну ухуэхьэзырын хуейщ апхуэдэ ІэнатІэм ущыпэрыткІэ, - жеІэ Алим дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІым зэрыкІуам дыщыщІэупщІэкІэ.

Сыт я щыІэкІэ къулыкъум пэрытхэм, я гупсысэм зригъэхъуэжрэ я нэгу щІэкІхэм, сыт щхьэмыгъазэ зыщІыр, сыт хуэдэ зыхэт гупыр, дауэрэ зызэщІагъакъуэрэ? Куэд мэхъу узэгупсысынкІэ хъунур.

- Дзэ Іуэхум ущыхэткІэ, куэд уи нэгу щІокІ, псэзэпылъхьэпІи уохуэ. Бэуэгъуэ дыщихуи кхохъу зэмзэмкІэрэ. Ди дивизионым хэтщ зы адыгэ щІалэ, дагъыстэн кьытхэтщ, урысхэр ди гъусэщ. ЩІалэ хьарзынэхэщ, дызэгуроІуэ икІи зызэщІыдогъакъуэ - нэгъуэщІу хъунукъым, пхуехьэкІынукъым. Ди командирхэри цІыху хъарзынэхэщ, хэкупсэхэщ, - жеІэ щІалэм.

Сомгъурым къыгуроІуэ гъащІэм и лъапІагъэри цІыхухъу къалэным фІэкІыпІэ зэримыІэри. Къулыкъу къадэзыщІэхэм ящыщ хэкІуадэуи и нэгу щІэкІащ Алим. А псом упэлъэщын хуейщ, адэкІэ уи бгыр щІэкъуэуэ къулыкъур епхьэкІын щхьэкІэ.

- Дзэ Іуэхум ущыхэткІэ уи нэгум щІэкІхэм куэдым урагъэгупсыс. ГъащІэм и дэтхэнэ дакъикъэри зэрылъапІэр зыхьобощІэ. АпщІондэхункІэ гугъуехьми уепсыхь – куэдым утогушхуэ, укъикІуэт зэрымыхъунур хьэкъ мэхъу, - жеІэ абы.

Къулыкъум пэрытхэр щогуфІыкІ я лъахэгъуэм къабгъэдэкІыу ерыскъы, щыгъын хуабэ е сабийхэм дзэм хэтхэм хуатха письмо къащыІэрыхьэкІэ. Алим зэрыжиІэмкІэ, щІалэхэм щыгъыным я пкъыр игъэхуабэмэ, сабийхэм я Іэкіэ ятха псалъэхэм гур егъэхуабэ.

- Къулыкъум дыщыпэрыткІэ, дызыхуеину фэилъхьэгъуэхэр кьыдат. Щыгъыни, ерыскъыи, школакІуэхэм тхуатха письмохэри кьытІэрохьэ. Ар, дауи, гуапэщ. Псом хуэмыдэу кьыдохуэбылІэ Хэкум нытхурагъэш хьэпшыпхэр, - жеІэ.

Алим и щхьэгъусэ Лаурэ къулыкъум пэрытыным и пІалъэр ещІэ. Ар УФ-м и Льэпкъ гвардием КъБР-м щиІэ и къудамэм хэтщ. Лаурэ кьытхутепсэлъыхьащ щІалэм дзэ Іуэху хэхам къулыкъу зэрыщищІэм, абы зэрыдэкІам, и Іуэху зытетым.

- Дзэ Іуэху хэхар къыщыхъеям япэ дыдэу дэкІахэм яхэтащ. Гъуэгу теувэну къыхатхыкІахэм зэращыщыр къыщытщІар дэкІыным сихьэтищ иІэжущ. Дыгуэващ, дауи. Гъуэгур пІащІэгъуэти, абы дытепсэлъыхьын къудейуи дыхунэсакъым. Япэрауэ, здашэ щІыпІэр ипэжыпІэкІэ зыми ищІакъым. Нэса нэужь, зэ хъыбар къыдитыфащ къыщыувыІа щІыпІэм теухуауэ. Япэхэм дзэ Іуэхум дашахэм зыкъыппащІэфыртэкъым. И Іуэху зытетыр умыщІэмэ, гупсысэ куэд щызэблокІ уи щхьэм.

Аргуэру зэ зыкъытпищІэри, «Дыпсэущ, дызыншэщ», - жиІэри хъыбар кьыдигъэщІащ. МызэмытІэу пІалъэкІэ зэпыуащ телефонкІэ дызэрыщІэныр. Сыгуэвэри, къулыкъум кьыдыхэт дагъыстэн щІалэм и телефоныр кьэзгъуэтащ – абы хуэстхым, и хъыбар къызжиІэурэ екІуэкІащ зы пІалъэ. ИужькІэ, телефонымкІэ зызэпытщІэф хъужащ.

Нэгъабэ гъэмахуэм Алим зыхэт гупым къахэуащ зыпэщІэтхэр. «Утэмэм, уузыншэ?» жысІэу щыхуэстхым, жэуап къысІэригъэхьэфакъым. Зэхэуэ зэрыхэхуар сщІэрт, и хъыбарыр зэпыуати, си гур куэдым жащ. Я гъусэ щІалэм и телефонымкІэ сбербанк онлайнкІэ зэгуэр ахъшэ езгъэхьауэ щытати, ар къыщІызогъэщых... «Ягъэ щыІэкъым, абыхэм я деж сокІуэ, зыныппезгъэщІэнщ», - жеІэри, гузэвэгъуэр сщхьэщокІ.

Сомгъурым зыгъэпсэхугъуэ пІалъэу тхьэмахуитІщ иІэр, унэм къыщыкІуэжым деж.

- КъыщыкІуэжым деж хъыбар къыдегъащІэ. Ауэ иужьу къыщыкІуэжам иджыри и къежьэжыгъуэр къэмыса ди гугъэу, къэсыжри дигъэгуфІащ, - жеІэ Лаурэ.

Сабийхэм къахуэгъэсыркъым адэм и къекІуэлІэжыгъуэр.

- Хъыджэбз цІыкІур нэхъыжьщ, кьыгуроІуэ и адэ здэщыІэр, абы лІыгъэ къызэрыщигъэлъагъуэр, гугъу зэрехьыр, Хэкум, унагъуэм къызэрытщхьэщыжыр. ЩІалэр цІыкІущи, лэжьапІэ жыжьэ гуэрым щыІэущ зэрищІэр. И къэкІуэжыгъуэр къахуэмыгъэсу йожьэхэр сабийхэр, школымрэ сабий садымрэ абы зэришэнур, къыщыщІэкІыжкІэ ар зэрапІущІэнур, дызэрызэбгъэдэсынур я гурыфІыгъуэщ. И къэкІуэжыгъуэ зэси къэкІуэжыпарэ зыщІыпІи имыгъэзэжыну йохъуапсэхэр. Къатохьэлъэ щедгъэжьэжкІэ.

Сомгъур Алим зыпэрыт къулыкъум къыщигъэлъагъуэ лІыгъэм, и бэшэчагъым папщІэ къэрал дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. «Участнику СВО», «За боевое отличие», Суворовым и цІэкІэ медалхэр иІэщ. Дамыгъэхэр и нэщэнэщ Хэку лъагъуныгъэм, дзэм хэтым а Іэнатіэм хилъхьэ пэжыгъэм.

Сомгъур Алими абы хуэдэу кьулыкъу езыхьэкІ щІалэхэми узыншэу я жьэгу ягъуэтыжыну Тхьэм жиІэ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Журналист зэдэлэжьэныгъэ

Іэщіагъэм къыдит Іэмалхэр къыдогъэсэбэп

Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым ис адыгэхэм я зэпыщІэныгъэхэм нэхъри зригъэужьу, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр игъэбыдэу, ди анэдэлъхубзэр ихъумэу «Адыгэ макъ», «Адыгэ псалъэ», «Черкес хэку» газетхэм къыхалъхьауэ ирагъэкІуэкІ журналист зэдзлэжьэныгъэм къыпызыщэ зекІуэр Адыгэ Республикэм щыдгъэкІуащ. Ди унафэщІхэм я жэрдэмкІэ, адыгей журналист Тау Замирэ сэрэ КъШР-м къыщыщІэддза Іуэху дахэм Мейкъуапэ щыпытщащ шэрджэс журналист Аслъэныкъуэ Мадинэрэ сэрэ. Адыгэ хэкум и беягъыр, и цІыхухэм я гуапагъыр, щІыуэпсым и дахагъэр, Іэщ1агъэлІхэм я жанагъыр, Іэпщ1элъапщІэхэм я Іэзагъыр зэдгъэлъэгъуащ АР-м дызэрыщылэжьа тхьэмахуэм. Ди зекІуэр тедухуат Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщ-рэ илъэс 33-рэ зэрырикъум. Абы и махуэшхуэр нобэ егъэлъапІэ, а махуэщІым теухуауэ щытынущ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса «Адыгэ псалъэм» и къыдэкІыгъуэ хэхар.

Бысым газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлІокъуэ Саидэ тхуигъэхьэзыра программэм тету, дэ япэу дыІущІащ АР-м Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэнымрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Щхьэлахъуэ Аскэр.

- Псом япэрауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди къуэш республикэхэр нэхъри зэпэблагъэ ищІу евгъэжьа проектыр ди гуапэ зэрыхъуар. Дэ махуэшхуэхэр щедгъэкІуэкІым деж Ипщэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ, нэхъ ди гъунэгъу хэгъэгухэр къедгъэблагъэу хабзэщ. Ауэ Адыгэ кхъуейм и махуэм, си щхьэкІэ, апхуэдэ жэуапІныгъэ си пщэ дэслъхьэжри, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэмкІэ сынэІэбащ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыпсэу ди къуэшхэр а махуэшхуэхэм ди гъусэныр сфІэигъуэу. Сытым дежи сыхущІокъу ди къуэш щІыналъэхэм щыщхэр къытхэтыну. Иджыблагъэ сэри Къэбэрдей-Балъкъэрым сыщыІащ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Конгрессым сыхэтащ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыщыщІыхьи-щыщІэкІыжи сэлам гуапэ, къуэш сэлам къыдихащ. АбыкІэ жыслэну сызыхуейр, дэ дызэгъунэгъу къудейкъым, атІэ дызэкъуэшщ. Пэжщ, ди зэпыщІэныгъэр дэ япэу къызэІутхыу аракъым, ар ди нэхъыжьхэм пхраша лъагъуэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэ дызыхуэмысакъыжмэ, дызэрымыщІэмэ, зыри къытхуэсакъынукъым.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэмрэ зэдзлэжьэныгъэхэмрэ. Ди цІыху цІэрыІуэхэр, жылагъуэм я псэукІэр, гъащІэм и лъэныкъуэ псори къэвгъэлъагъуэу фызэрызэдэлажьэм уасэ хуэщІыгъуейщ. Гу лъыбэзгъэтэну сыхуейщ ди республикэхэм я тхьэмадэхэм я зэхущытыкІэми. КІуэкІуэ Казбеки, КъумпІыл Мурати, Темрезов Рашиди зэрызэкІэлъыкІуэр лэжьыгъэ Іуэхум и закъуэкъым, атІэ зэкъуэш хуэдэу, зым и унагъуэм адрейр ихьэу апхуэдэщ. Абы къыхэкІыу, газетхэм къыхалъхьа жэрдэмыр лъапІэщ, абы бзэкІи дызэригъэщІэнущ, лъэпкъкІи дызэригъэІыгъынущ, жылагъуэми и сэбэп екІынущ. Дэ куэд мыщІэу Адыгейм и телевиденэ къызэІутхынущи, си гугъэщ ахэри Іуэхум къыхэша хъуну, - жиІащ Щхьэлахъуэ Аскэр.

А махуэм дэ дахуэзащ Адыгейм лъэпкъыбзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм и лэжьакІуэхэм. Ахэр дигъэцІыхуа нэужь, МэшлІокъуэм жиІащ:

- Зэдэлэжьэныгъэр адэкІэ дгъэкІуатэу, ди деж фыкъызэреблэгъар си гуапэщ. Иджыри къэс къатхэу щытамэ, иджы къэкІуащ ди лъэпкъэгъу журналистхэр, ди щыІэкІэ-псэукІэр зэрагъэлъагъуну. Зэман къэс езым и цІыхурэ Іуэхущ1афэрэ иІэжщ. Ди япэ итахэм ирагъэжьа Іуэхур дахэт - ди хъыбархэр зэІэпахыурэ щхьэж и газетым къытридзэрт. Дэрэ абы и мыхьэнэр къэтлъытэри, адэкІэ къыпытщэну ди мураду дызэкІэлъыкІуэу аращи, Тхьэм къыддигъэхъу, - жиІащ МэшлІокъуэ Саидэ.

«Адыгэ макъым» и журналистхэм яфІэгъэщІэгъуэну къыщІэупщІащ ди газетхэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым, щылажьэ журналистхэм я бжыгъэм, техникэм ирилажьэхэм я Іуэху зехьэкІэм, редакторым и къуэдзэхэмрэ жэуап зыхь секретархэмрэ я къалэнхэм.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Тау Замирэ жиІащ Къэрэшей-Шэрджэсым кириха тхыгъэхэр адыгей щІэджыкІакІуэхэм ягу зэрырихьар, куэд къызэрыпсэлъар, къызэрыщІэупщІар, иджы къэбэрдей, шэрджэс журналистхэр я деж зэрыщылэжьэнур зэрагуапэр, дяпэкІи Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуэхум къыщыпащэну зэрахъуэпсапІэр.

Ди лэжьэгъуэхэр зэдгъэцІыхуа нэужь, дэ дыщыІащ зи романхэмкІэ ди лъэпкъ тхыдэр сэзыгъэцІыхуа, зи Іэдакъэщ1экІэхэмкІэ «адыгэм и дунейм» сыхэзыша, лъэпкъ псом ди набдзэ нэхъыжьыфІ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ Мэшбащ1э Исхьэкъ и деж. Абы дапщэрэ ухуэзэми къызэрыбдэгуэшэнрэ къыбжиІэнрэ и куэдщ, и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэм къытебгъэзэжурэ къибджыкІын зэритым хуэдэщ илъэс 94-м ит тхакІуэшхуэм и акъыл жанагъымэр гупсысэ куухэмрэ ущІэдэІунри.

Апхуэдэуи журналист Іэщ1агъэм сызэрыпэрыхьэрэ псом нэхъ сфІэфу къыхэсха унэтІныгъэм - хамэ къэралхэм ис адыгэхэм ятеухуам - къыхэзгъахъуэмэ сфІэфІу, хэкум къэзыгъэзэжахэр щыпсэу Махуэхьэблэ дыкІуэныр сфІэфІти, бысымхэм дашэри зыщыдагъэплъыхьащ, къуажэдэсхэми жылэ тхьэмадэхэми дахуэзащ.

Кавказ Ищхъэрэми, Урысей псоми, уеблэмэ хамэ къэралхэм щыпсэу пащтыхь унагъуэхэми яфІэтелъыджэ бзылъхугъэ щэджащэ Еутых Іэсият и Дыщэ уардэунэм щыдгъэкІуа махуэ ныкъуэр гукъинэж тщыхъуащ. Хэкум къэзыгъэзэжа, сурэтыщІ цІэрыІуэ хъуа Дыгъу Айтэч, адыгэ хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ Іэпщ1элъапщІэ Нэгъув Аслъэн сымэ хуэдэхэрщ лъэпкъым и пщІэр зыІыгъри, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуэжри. А псом нэмыщІи, Адыгейм иджыпсту еужьэрэкІыу зызригъэужь Іэнатіэм - туризмэм - и гугъу дымыщІын тлъэкІакъым. Абы щекІуэкІ Іуэхухэм зыщыдгъэгъуэзэн мурадкІэ, мызыгъуэгум дэ дыщыІащ «Мыщэкъуэ» къущхьэ тІуащІэмрэ Рыфыбг псыкъелъэхэмрэ.

Махуитхум къриубыдэу Адыгэ Республикэм щызэхуэтхьэса тхыгъэхэр «Адыгэ псалъэм» и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭщІэпыДЖЭ Замирэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и къудамэм и унафэщІ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист.

Гъащ1эр кІыхь хъун хуэдэу

2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыху гъащІэм и кІыхьагъыр зэрыхъуну зыщыгугъыр ику иту илъэс 77-рэ щыхъуащ, ар къэрал псом щыщыІэ бжыгъэхэм нэхъри (илъэс 73,5-рэ), ковид пандемием ипэкІи щыІахэм нэхъри (илъэс 76,5-рэ) нэхъыбэщ.

АПХУЭДЭ ехъулІэныгъэхэр республикэм зригъэгъуэтыным Іуэхугъуэфі зыбжанэ шэсыпІэ хуэхъуащ. Псалъэм папщІэ, щІыпІэ инфраструктурэр ирагъэфІакІуэ, узыншагъэр хъумэным хуэгъэзауэ къуажэхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр щІагъэхуабжьэ зэпытщ, узыфэ зэрыцІалэу щымытхэм щыхъумэнымрэ ахэр хэмытІасэ щІыкІэ къэхутэнымрэ пыщІа Іуэхугъуэхэр и чэзум ирагъэкІуэкІ, цІыхухэр я узыншагъэм езыхэр кІэлъыплъыжьынымкІэ, зыхуэсакъыжьынымкІэ чэнджэщхэр ират.

Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ ират узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм япэщІэтыным, абыхэм земыгъэубгъуным, хэмытІасэу ахэр къэхутэным.

«Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ пэхуэщІэм и фыгъэкІэ иужьрей илъэситум Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхухэм япэу зызыхуагъазэ медицинэ Іуэхущ1апІэу 23-рэ къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыжащ, 6 щІэуэ щаухуащ, иджырей медицинэ оборудованэхэр щІагъэуващ.

Къуажэдэсхэм я узыншагъэхэр щыпсэу щІыпІэхэм къыщапщытэн, абыхэм якІэлъыплъын папщІэ, автомобилым пыщІа фельдшер-акушер пункту 9-рэ маммографхэмрэ флюорографхэмрэ зэрыту 13-рэ къащэхуащ.

«Демография» лъэпкъ пэхуэщІэм къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм хыхьэу гулъытэ хэха хуащІ зи ныбжь хэкІуэтахэми. Абыхэм я узыншагъэм ехьэлІауэ щыІэ сыт хуэдэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэри Геронтологие центрым щрагъэгъуэт, щагъэхъуж.

БЭБЭЧ Бэчыр.

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэ.

«Б» дивизионым и Гуп 1. ТІощІрэ еянэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Рубин» (Ялтэ)

Налшык. «Спартак» стадион.

Жэпуэгъуэм и 5. Сыхьэт 14-м.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 5, *щэбэт*

♦**ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**ПсэупІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м щІэпхъаджащІэхэр къэлъыхъуэным пыщІа и Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Адыгэ Республикэр къыщыдзэрагъэпэща махуэщ**

♦**1948 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэр.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэІухуэщІэхэмкІэ щІыхь зиІэ и Іэщ1агъэлІ **Быж Айтэч**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 - 2009 гъэхэм щыта, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахэмын Еленэ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 21-рэ, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 6, *тхьэмахуэ*

♦**1946 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик **КІадэ Азэмэт**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 22-рэ, жэщым градус 12 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 7, *блыщхьэ*

♦**ГуфІэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Даутокъуэ-Серебряковым и дзэм Налшык къищтащ.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ТІыхъужь Алий**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 – 23-рэ, жэщым градус 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луиз.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Анэ гущІэр лъащІэншэщ.

ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 7

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, **12.15**, **14.00**, **17.00**, **18.30** Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ШИФР» (16+)
22.55 «Большая игра» (16+)
23.55 Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ» (16+)
00.55, **03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, **11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00**, **03.00** Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, **18.30** «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЛЮТИК И АНЮТИК» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

НТВ

04.45 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **23.35** «Сегодня»
08.25, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
22.10, **00.00** Т/с «БОРЩИ» (16+)
00.50 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

ЗВЕЗДА

05.15 Т/с «СМЕРШ. ЛЕГЕНДА ДЛЯ ПРЕДАТЕЛЯ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ОШИБКА РЕЗИДЕНТА» (16+)
12.45 «По горячим следам» (16+)
13.25, **15.05**, **17.15** Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «СССР и Китай. Красный шелковый путь». «Связанные одной целью» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ОШИБКА РЕЗИДЕНТА» (16+)
00.45 Т/с «ДУМА О КОВПАКЕ» (16+)
02.20 Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
03.50 Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.00 Черные дыры. Белые пятна
07.40 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.10 «Жизнь и судьба»
08.30, **22.25** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, **12.30**, **16.30**, **19.30**, **00.00** Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, **00.45** ХХ век
12.10 Д/с «Первые в мире»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Х/ф «ВАССА» (16+)
15.25 «Агора»
16.45 Д/с «Передвижники»
17.20 Гала-концерт Всероссийской арт-лаборатории «Знание. Авторы»
18.35 «Рассказы из русской истории»
19.45 Главная роль
20.05 «Семинар»
20.45 «Спокойной ночи, малыши!»
21.00 Больше чем любовь
21.40 «Сати. Нескучная классика...»
00.15 «Магистр игры»
01.35 Шедевры камерной музыки

МАТЧ!

06.00 «Игра миллионов» (12+)
06.30 «Все о главном» (12+)
06.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Иркутска
09.25, **11.30**, **12.55**, **15.25** Новости
09.30, **19.15**, **23.15** Все на Матч!
11.35 «Тайны звезд спорта» (12+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
15.30 «Громко»
16.55 Хоккей. МХК «Спартак» (Москва) - «СКА-1946» (Санкт-Петербург). ОЛИМРВЕТ. Чемпионат МХЛ. Прямая трансляция
19.40 Футбол. «Сокол» (Саратов) - «Ротор» (Волгоград). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
21.45 Бильярд. BetBoom. Кубок мира. Прямая трансляция из Москвы
00.25 Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
01.25 Волейбол. «Зенит-Казань» - «Белогорье» (Белгород). Кубок легенд. Мужчины. Финал 4-х. 1/2 финала (6+)
03.25 Новости (0+)
03.30 Триатлон. Суперлига. Трансляция из Франции (0+)
05.30 Д/с «Век нашего спорта» (12+)

Гъубж, жэпуэгъуэм и 8

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, **12.15**, **14.00**, **17.00**, **18.30** Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ» (16+)
01.00, **03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, **11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00**, **03.00** Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, **18.30** «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЛЮТИК И АНЮТИК» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **23.35** «Сегодня»
08.25, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
22.10, **00.00** Т/с «БОРЩИ» (16+)
00.50 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ОШИБКА РЕЗИДЕНТА» (16+)
12.45 «По горячим следам» (16+)
13.25, **15.05**, **17.15** Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «СССР и Китай. Красный шелковый путь». «Большой скачок» Мао» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ОШИБКА РЕЗИДЕНТА» (16+)
00.40 Т/с «ДУМА О КОВПАКЕ»
02.15 Д/ф «Мария Закревская. Драматургия высшего шпионажа» (12+)
03.10 Д/с «Ставка» (16+)
03.50 Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД»

РОССИЯ К

06.30 Д/ф «Сергий Радонежский. Путь подвижника»
07.05 Д/ф «Да, скифы - мы!»
07.45 Д/с «Забытое ремесло»
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25, **22.25** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, **12.30**, **16.30**, **19.30**, **00.00** Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, **01.00** ХХ век
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
13.45 Д/с «Князь Потемкин. Свет и тени»
14.15 Х/ф «СЕРДЦЕ НЕ КАМЕНЬ» (16+)
15.45 «Сати. Нескучная классика...»
16.45 «Эрмитаж»
17.20 Шедевры камерной музыки
18.10 Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
18.40 Настоящая война престолов
19.45 Главная роль
20.05 «Семинар»
20.45 «Спокойной ночи, малыши!»
21.00 Искусственный отбор
21.40 «Белая студия»
00.15 Настоящая война престолов
02.10 Шедевры камерной музыки

МАТЧ!

06.00 «Игра миллионов» (12+)
06.30 «Наши иностранцы» (12+)
06.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Иркутска
09.25, **11.30**, **12.55**, **15.25** Новости
09.30, **15.30**, **23.15** Все на Матч!
11.35 «Тайны звезд спорта» (12+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 «Игра миллионов» (12+)
14.55 География спорта (12+)
16.25 Водное поло. Россия - Иран. Товарищеский матч. Прямая трансляция из Астрахани
17.40 Д/ф «Борис Михайлов. Жить, не сглаживая углы» (12+)
18.55 Хоккей. ЦСКА - «Салават Юлаев» (Уфа). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
21.45 Бильярд. BetBoom. Кубок мира. Прямая трансляция из Москвы
00.25 Еврофутбол. Обзор (6+)
01.25 Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Кузбасс» (Кемерово). Кубок легенд. Мужчины. Финал 4-х. 1/2 финала (6+)
03.25 Новости (0+)
03.30 Регби. «Красный Яр» (Красноярск) - «Локомотив-Пенза». PARI. Чемпионат России. Матч за 3-е место (12+)
05.30 Д/с «Век нашего спорта» (12+)

Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 9

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, **12.15**, **14.00**, **17.00**, **18.30** Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.00 Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ» (16+)
01.00, **03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, **11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00**, **03.00** Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, **18.30** «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЛЮТИК И АНЮТИК» (16+)
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **23.35** «Сегодня»
08.25, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
22.10, **00.00** Т/с «БОРЩИ» (16+)
00.50 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ»

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «ЛЕТУЧИЙ ОТРЯД» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «СУДЬБА РЕЗИДЕНТА» (16+)
12.50 «Специальный репортаж» (16+)
13.25, **15.05**, **17.15** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.00 «СССР и Китай. Красный шелковый путь». «Испытание «культурной революцией» (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Секретные материалы». Д/с (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «СУДЬБА РЕЗИДЕНТА» (16+)
00.55 Т/с «ДУМА О КОВПАКЕ»
02.15 Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
03.45 Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)

РОССИЯ К

06.30 «Пешком...»
07.05 Настоящая война престолов
08.05 «Жизнь и судьба»
08.25, **22.25** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, **12.30**, **16.30**, **19.30**, **23.55** Новости культуры
10.15 «Наблюдатель»
11.10, **00.55** ХХ век
12.45 Новости. Подробно. Кино
13.00 Искусственный отбор
13.45 Д/с «Князь Потемкин. Свет и тени»
14.15 Х/ф «СЕРДЦЕ НЕ КАМЕНЬ» (16+)
15.40 «Белая студия»
16.45 «Библейский сюжет»
17.20 Шедевры камерной музыки
18.10 Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
18.40 Настоящая война престолов
19.45 Главная роль
20.05 «Семинар»
20.45 «Спокойной ночи, малыши!»
21.40 Абсолютный слух
21.40 Власть факта
00.10 Настоящая война престолов
02.10 Шедевры камерной музыки

МАТЧ!

06.00 «Игра миллионов» (12+)
06.30 География спорта (12+)
06.55 Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Прямая трансляция из Иркутска
10.40, **11.30**, **12.55**, **15.25** Новости
10.45, **15.30**, **23.15** Все на Матч!
11.35 «Тайны звезд спорта» (12+)
12.35 Специальный репортаж (12+)
13.00 «Есть тема!»
14.25 «Игра миллионов» (12+)
14.55 «Вид сверху» (12+)
16.45 Смешанные единоборства. А. Перейра - Х. Раунтри. UFC. Трансляция из США (16+)
18.30 Д/ф «Як-15» (12+)
19.25 Хоккей. МХК «Спартак» (Москва) - МХК «Динамо» (Санкт-Петербург). ОЛИМРВЕТ. Чемпионат МХЛ. Прямая трансляция
21.45 Бильярд. BetBoom. Кубок мира. Прямая трансляция из Москвы
00.25 Стрельба из лука. Кубок Генерального прокурора Российской Федерации. Трансляция из Сириуса (0+)
01.30 Волейбол. Кубок легенд. Мужчины. Финал 4-х (6+)
03.25 Новости (0+)
03.30 Регби. «Енисей-СТМ» (Красноярск) - «Стрела-Ак Барс» (Казань). PARI. Чемпионат России. Финал (12+)
05.30 Д/с «Век нашего спорта» (12+)

Махуэку, жэпуэгъуэм и 10

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, **12.00**, **15.00**, **03.00** Новости
09.20 «Модный приговор» (0+)
10.10 «Жить здорово!» (16+)
11.00, **12.15**, **14.00**, **17.00**, **18.30** Информационный канал (16+)
13.30 «АнтиФейк» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
20.00 Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
23.00 «Большая игра» (16+)
00.10 Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ» (16+)
01.10, **03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, **11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00**, **03.00** Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30, **18.30** «60 минут» (12+)
13.00 «Наши» (12+)
14.30 Вести. Местное время
14.55 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
17.30 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЛЮТИК И АНЮТИК» (16+)
23.30 Д/ф «Во имя справедливости» (12+)
00.05 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
03.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

НТВ

04.50 Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00**, **23.35** «Сегодня»
08.25, **10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
22.10, **00.00** Т/с «БОРЩИ» (16+)
00.50 «Поздняков» (16+)
01.05 «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
02.05 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)

ЗВЕЗДА

05.20 Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, **13.00**, **17.00** Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «СУДЬБА РЕЗИДЕНТА» (16+)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Щэбэт, жэпуэгъуэм и 12

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдж» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдж» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхъэмахуэ, жэпуэгъуэм и 13

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«Хъыбарыщ1эхэр». Тхъэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Бгырыс Іэлыр щІэныгъэм хуэзыгъэуша

Нобэ илъэс 230-рэ ирокъу адыгэ уэзщІакІуэ цІэрыІуэ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ. Ар зыщІэхъуэпсауэ щыта бгырыс Іэлыр щІэныгъэм щыхуэпабгъэ зэманыр езым имылъэгъуами, иджы къызыпхуемыгъэгъэзэжыну хьэкъщ.

1794 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 5-м Нэгумэ Шорэ Бэчмырэз и къуэр Жыцу псы Іуфэм Іуса адыгэ къуажэ цІыкІум къыщалъхуащ. Ар лъэпкъкІэ къызыхэкІар уэркъ унагъуэщ. Пэжщ, адрейхэм къащхьэщыкІыу, нэхъ пасэу щІэныгъэм лъагъуныгъэ хуищІат, зыщІэтІысхьэ хъун нэгъуэщІ еджапІэ и къуажэ зэрыдэмытым къыхэкІкІэ мыслъымэн еджапІэм кІуэуэ щІидзат. Дзэхьэхьи щІагъуэ щІалэм абы щилъэгъуакъым: къагурымыІуэ хьэрыпыбзэкІэ зэрырагъаджэм къыхэкІыу щІэныгъэ щІагъуэ абы къыщІихакъым. Ауэ шІэныгъэм зи нэ къыхуикІ адыгэ щІалэм хамэбзэри фІыуэ илъэгъуащ, ар зэрызригъэщІэным ерыщу иужь ихьэри, щІэныгъэм и мыхьэнэр псэкІэ зыхищІащ.

ЩІэныгъэм апхуэдизу лъагъуныгъэ хуэзыщІа, акъыл жан зэриІэр къэзыгъэнэІуа ныбжьыщІэр и адэм и арэзыныгъэ хэлъу Дагъыстэным ягъэкІуащ, и щІэныгъэм пищэну. Ар шІэтІысхьащ Эндери къуажэм дэта мыслъымэн еджапІэм. Ар зищысыр иджыкІэ зэхэгъэкІауэ щыткъым, ауэ ар мыслъымэн еджапІэ куэдым нэхърэ зыкъомкІэ нэхъыфІауэ хуэбгъэфащэ хъунущ. ЩІэныгъэ куу зэрыщызыІэригъэхьам къыдэкІуэу, а еджапІэм Нэгумэ Шорэ бзищ - тыркубзэр, хьэрыпыбзэр, къэжэрыбзэр - щызэригъэщІащ.

И щІэныгъэм хуэфэщэн лэжьапІэ зи хэку къэзыгъэзэжа щІалэм и къуажэм щигъэтакъым, абы къыхэкІкІи, Іуэхуншэу щыс нэхърэ нэхъыфІу кІилъытэри, уэркъыгъэм ар къемызэгъми, и жылэм ефэндыуэ щылажьэу щидзащ. ЩІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ, зэхэщІыкІ лъагэ зиІэ, цІыху Іэдэб ефэнды щІалэм и кІалэнхэр нэсу игъэзащІэрт, и къуажэгъуэм ар фІыуэ кьалъагъурт, езыри сыт и лъэныкъуэкІи абыхэм зэрызыщІигъэкъуэным ерыщу и ужь итт. Игу дэмыхьэ апхуэдэ кьалэныр абы и пщэ щыдилъхьэжар, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, и къуажэм еджапІэ къыщызэІуихыну, анэдэлъхубзэр абы щригъэджыну мурадхэр зэриІарщ. Ауэ ефэнды къулыкъур зэригъэзэщІа зы илъэсым къыгурагъаІуэ зы цІыху къаруклІ ар пщІэныр зэрымытыншыр.

Абы и хэкІыпІэуи Шорэ къигъуэтыр зыщ - урысыдзэм хьэхьэнырщ, ар къигъэсэбэпкІэрэ урысыбзэр иджынырщ, ар кууэ зригъэщІэнырщ. Урыс дзэ унафэщІхэм ягъэ лъэхъэнэхэм муслъымэн диным и лэжьакІуэм дзыхь хуащІыщэркъым, дзэм занщІэуи хагъэхьэркъым, пІалъэ-пІалъэкІэрэ кьалэн гуэрхэр ирагъэгъэзащІэ, Іэпыдзлъэпыдзу яІыгъ мыхъумэ. Ауэ иужькІэ и шыфэлІыфэр къащІа, хуэзфІэкІынухэр, и мурадхэр къахута нэужь, а илъэс зытІущым урысыбзэм мыбзаджэу щыгъуазэ зэрызыхуищІари кьалъытэри, дзыхьщІыгъуэджэу щыт пэтми, ар езанэ Волжскэ полкым и писару ягъэуващ икІи а къулыкъур илъэс зыкъомкІэ щІыхь пылъу игъэзэщІащ.

И гуащІэдэкІ емыблэжу зи щІэныгъэм хэзыгъахъуэ Нэгумэм а илъэсхэм урысыбзэр фІыуэ зригъэщІащ, урыс литературам щыгъуазэ зыхуищІащ. Зауэ-банэм зи нэ къыхуимыкІ, кьулыкъу щІэкъуныр зыфІэмыкъабыл адыгэ щІалэм и мурадхэр Іэщ Іыб ищІакъым, урысыбзэр зэрызригъащІэу, и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щІидзащ икІи анэдэлъхубзэм тхьбзэ хуэзхилъхьащ, алыфбей хуигъэхьэзыращ, ар къыдигъэкІынуи иужь ихьат, сыт хуэдэ гугъуехьхэр абы пылъми къимыкІуэту. Апхуэдэ тхыгъэхэр Шорэ а зэманым зэригъэхьэзырам щыхьэт тохъуэ 1825 гъэм адыгэ щІэныгъэлІым Псыхуабэ цІыхугъэ къыщыхуэхъуа урыс усакІуэ Нечаевыр. «Московский телеграф» журналым 1826 гъэм абы къытригъэдза «Урысейм и ипщэкъуэкІыпІэм къыщызыкІухьам и тхыгъэхэм и пычыгъуэр» зыфІища и тхыгъэм Нэгумэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм теухууэ мыр щитхыгъащ: «Муслъымэн диныр къызэращэ тьандэрэ, хьэрып шрифтыр къагъэсэбэпкІэрэ, шэрджэсхэр я бзэкІэ матхэ: шэрджэсыбзэм макъыу иІэ псори къэзыгъэлъэгъуэн хьэрфхэр зэрыримыкъум къыхэкІкІэ... къэбэрдей цІыхубэм папщІэ алыфбей щхьэхуэ зэхэлъхьэн хуей мэхъу. Абыхэм я уэркъхэм ящыщ зым... мыбы (Псыхуабэ) къакІуэ псоми яцІыху Шорэ и мурадщ апхуэдэ алыфбей зэригъэпэщу правительствам хуригъэхьу трыригъэдзэну... Алыфбейр къыдэкІа нэужь, грамматикэм и хабзэри къихутэн мурад абы иІэщ».

Адыгэ щІэныгъэлІым и алыфбейр и зэманым къыдэкІакъым, ауэ лъэпкъ тхыбзэм абы лъабжьэ хуищІыр урыс алфавитырщ.

Анэдэлъхубзэм и тхыбзэ зэрызригъэпэщар, бзэ зыкъом зэрищІэр кьалъытэри, Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэІуаха анэмэт еджапІэм и унафэщІу икІи егъэджакІуэ 1828 гъэм кьагъэкІуэжащ. ЩыгъынкІи ерыскъы дыдэкІи нэгъэсауэ къызэмыгъэпэща а еджапІэм щаІыгъ сабийхэм я фэ куэд дэкІащ, ауэ хамэ къэралхэм кьикІа зыплъыхьакІуэхэм, Шорэ и еджапІэм нэІуасэ зыхуэзыщІахэм, зэратхыжыгъамкІэ, нэгъуэщІ еджапІэ здэщыІахэм елъытауэ Налшык дэт еджапІэр сыт и лъэныкъуэкІи нэхъыфІу къызэгъэпэщат - абы щІэс цІыкІухэр урыс тхылъхэм тыншу кьеджэхэрт, кьекІуу хуэпат, кьабзэлъабзэт, Іейуи ягъашхэртэкъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, ар зи фІыщІэр еджапІэм и унафэщІ, егъэджакІуэ Іуэзэджэ Нэгумэ Шорэт. Сабийхэр абы зыхуригъаджэр урысыбзэмрэ тыркубзэмрэт. Адыгэбзэм тхыбзэ хуэзхилъхьа щхьэкІэ, Нэгумэм анэдэлъхубзэр а зэманым ирырагъэгъэджакъым. АбыкІи кьуаншагъэр зыбгъэдэлъыр езыракъым, атІэ иригъэджэну хуитныгъэ кьезымыта пащтыкъ кьэралыгъэрщ.

ЩІэныгъэ бгъэдэлъымкІэ зыхуэмыарэзыж Нэгумэ Шорэ еджапІэ щІэтІысхьэну къыхуегъэзэгъыжыртэкъым, абы къыхэкІкІи и щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадхэр иІэу ар 1830 гъэм Бытырбыху кІуаш икІи Кавказ-Бгырыс эскадрон ныкъуэ абы ипэІуэкІэ къыщызэрагъэпэщауэ щытам къызэрыгуэкІ Іэщзэехьэу хыхьащ. ИгъэзащІэ кьалэнхэм къыдэхуэу ягъэ зэманхэм Шорэ и щІэныгъэм хухэгъахъуэркъым, сэлэт казармэ ущІэсу ар блэжьыныр тынштэкъым. Ауэ иужьыІуэкІэ, ягъэ офицер дамыгъэр къыфІаща пэужь, абы хущІыхьэгъуи нэхъ игъуэтащ, фэтэрми щыпсэууи щІидзащ. Урысейм и щыхьэрым къызэрысу ищІа мурадхэр зэрызэригъэхъулІэным ар и ужь ихьащ: урысыбзэр нэхъ кууэ едж, урыс тхыдэм щыгъуазэ зыхуещІ, Бытырбыху университетым и кафедрэхэм запещІэри къэжэрыбзэр, тыркубзэр нэхъыфІыжу зрегъащІэ, а бзэхэмкІэ щыІэ тхылъхэр урысыбзэкІэ зэредзэкІ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ирегъэкІуэкІ.

Ягъэ илъэсхэм Іуэху иригъэкІуэкІахэм тепсэлъыхьыжурэ и тхыгъэхэм ящыщ зым щІэныгъэлІым мыпхуэдэу щитхыжыгъащ: «Къулыкъу щысщІэну Бытырбыху сыкъызэрысу кьаруушхуэкІэ си гум къыщызэрыІэтащ грамматикэ стхыну, икІи дзэ къулыкъум сыкъыщыдэхуэхэм урысыбзэмрэ абы и грамматикэмрэ джыным си зэман псори тезгъэкІуадэу щІэздзащ». Езы Нэгумэм зэритхыжыгъамкІэ, адыгэбзэм и грамматикэм и ягъэ лІэужьыгъуэр а илъэсхэм зэхилъхьащ, икІи ар Бытырбыху университетым и профессор Шармуа Францием зыдригъэшэгъащ, абы къыщыдигъэкІыну и мураду.

Урысейм и кьалащхьэм зэрыдэса илъэситхум кьриубыдэу Нэгумэ Шорэ урыс щэнхабзэм, литературэм, тхыдэм кууэ щыгъуазэ зыхуищІащ, а лъэпкъым и цІыху куэд ныбжьэгъу къыхуэхъуащ икІи абы щыгъуэ щІэныгъэфІ зыІэригъэхьарщ иужькІэ къэхутэныгъэ инхэр иригъэкІуэкІынри, ехъулІэныгъэ хьэлэмэтхэр зыІэригъэхьэнри щІыхуэзфІэкІар.

Кавказым щыІэ корпус щхьэхуэм къулыкъу щищІэну Нэгумэ Шорэ 1835 гъэм къагъэкІуэжащ. Тифлис къэІэпхъуэжа нэужь, фІэгъэщІэгъуэну щыгъуазэ зыхуищІащ грузин лъэпкъым, абы и ехъулІэныгъэхэм, псэукІэм, хабзэхэм, хьэлщэнхэм. Ягъ махуэ дыдэхэми ар цІыхугъэ хуэхъуащ ныбжьэгъу пэжу, дэІэпыкъуэгъуэнджэщэгъу ямышыжу иужькІэ хэхуащІэкІа академик Шёгрен. А щІэныгъэлІым чэнджэщ пэж къритахэм абы и щыуагъэхэр кьыгурагъэІуэжащ, и лэжьыгъэхэм ар нэхъри трагъэгушхуащ, и грамматикэм и зэхэлъхьэкІэ хъунур кьищІащ.

Итхын хуейуэ зыхуигъэувыжа и лэжьыгъэхэр и кІэм нигъэсын папщІэ, Нэгумэ Шорэ 1837 гъэм и хэку кьигъэзэжащ икІи пІалъэкІэ щыІэ Къэбэрдей судым и секретару уващ. ІэнатІэ тынштэкъым ар зэуВэлІар: хэкум къыщыхъу-щекІуэкІ псоми и Іуэху а судым хэлът, ахэр зылэжьыну зи пщэ къыдэхуэр езырат. ПІалъэ-пІалъэкІэрэ фІэкІ зэхуэмыс а судым и унафэ псори гъащІэм хэзыпщэн хуейуэ зылъысыр абы и секретарь Нэгумэрт.

Апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлъэм пэрыт пэтми, абы ягъ махуэхэм къыщыщІэдзауэ и кьалэнхэр лІыгъэ, пэжагъ, гущІэгъу, цІыхугъэ лъагэ хэлъу егъэзащІэ, дэхуэха, лей зылъысхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрызыщІигъэкъуэным, зэрыдэІэпыкъуным иужь итщ. Махуэ кьэс илэжь Іуэху зэмылІэужьыгъуэ куэдым нэмыщІыжкІэ ар хущІэкъурт и лъэпкъэгъуэхэр зыхэт кІыфІыгъэм къызэрыхишыным, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыригъэкІуэкІыным. Хэку унафэщІхэм Нэгумэр елъэІури ахъшэ абыхэм захригъэлъхьащ. Налшык щищІыну зыхуимурад еджапІэр зыхуеинухэр абыкІэ кьащэхуащ, ар яухуэу щІадзащ, ауэ пащтыкъ къэралыгъуэм и зэранкІэ и кІэм хунэгъэсыркъым. А еджапІэм щеджэну цІыкІухэм папщІэ Нэгумэм тхыбзэ зрегъэпэщат, алыфбеи зэхилъхьат, къэралыр и дэІэпыкъуэгъуэ кьыдигъэкІыну иужь ихьат. А илъэс зытІущым адыгэ щІэныгъэлІым итхащ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэри: «Къэбэрдей грамматикэм и пэщІэдзэ хабзэхэр», «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр», «Къэбэрдей-ерыс псалъалъэр». Кьыдэмыкі щІыкІэ абыхэм щІэныгъэлІхэр хэгъэплъэн, тегъэпсэлъыхьын хуейт. Ар зыхуэфІэкІын хэкум зэримысыр къилъытэри, Нэгумэ Шорэ къэрал унафэщІхэм елъэІуащ Бытырбыху щІэныгъэхэмкІэ академие дэтым ягъэкІуэну. Къагъэгугъэ-къагъэпцІэжурэ зэманыфІ дэкІа нэужь, 1844 гъэм Урысейм и щыхьэрым къэралым и мылъкукІэ ягъэкІуащ. Ауэ игу кьыдэмыжу, сымаджэу ежьа щІэныгъэлІым, гъуэгуанэ хьэлъэр хуэщэчакъым, къалащхьэм зэрынэсу сымаджэ хьэлъэ хуащ икІи, и лэжьыгъэхэм хигъэплъэну хунэмысу, 1844 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м дунейм ехыжащ. Ар щыщІалъхьащ Бытырбыху и Іэхэлъахэхэм Волковэ къуажэм пэгъунэгъуу щыІэ мыслъымэныкхъэм.

Адыгэ щІэныгъэ куэдым и зэхэублакІуэщ Нэгумэ Шорэ. А щІэныгъэлІ гъуэзэджэрщ, ягъ адыгэ уэзщІакІуэ цІэрыІуэрщ и лъэпкъэгъуэхэр зыхэт кІыфІыгъэм къыхэшын, ахэр щІэныгъэм и гъуэгу нэхум тегъэувэн зэрыхуейр къызыгурыІуар.

Нэгумэм и тхыгъэ нэхъыфІ дыдэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» ди лъэпкъым и кьекІуэкІыкІам теухуа лэжьыгъэщ. Абы и напэкІуэцІ щхьэхуэхэр щыхьэт тохъуэ ар зи Іэдакъэщ щІэкІым художественнэ талант зэрыбгъэдэлъам, тхакІуэу зэрыщытам. Пэж дыдэуи, а тхылъым и пычыгъуэ зыкъомым уатхьэкъу, узыІэпашэ, художественнэ Іэмалхэр къыщыгъэсэбэпащ, литературэм и тхыгъэхэм пэгъунэгъу, ещхь ящІу.

ЩІэныгъэм и лэжьакІуэхэм я закъуэкъым Нэгумэм творческэ пыщІэныгъэ быдэ зыхуиІар. УсакІуэу зэрыщытам щыхьэт техъуэу, ар игъэбыдэу, абы и цІэр щІэныгъэлІ куэдым ирапх XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм урыс литературэм щылажьа усакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэу Пушкинымрэ Лермонтовымрэ. Абыхэм я зэрыцІыхунытеэр, зэпыщІэныгъэр зыгъэбыдэ архив тхыгъэ иджыкІэ щымыІэ щхьэкІэ, а Іуэхум щІэныгъэлІ куэд тетхыхьащ, лэжьыгъэ Іэджэ траухуащ, гупсысэу кьыщыІуэтахэм зэщхьэщыкІыныгъэ щхьэхуэхэр яІэми. УсакІуэшхуитІымрэ Нэгумэ Шорэрэ я гъуэгу куэдрэ зэтехуащ, зы щІыпІэм, кьалэм ахэр щызэдэпсэуащ, зэрыцІыхуу зэрыщытам шэч кьыщІытепхьэн щхьэусыгъуэ щымыІэу.

ЩІэныгъэлІ куэдым зэрыхуагъэфащэмкІэ, Нэгумэ Шорэ цІыхугъэ ягъ зыхуэхъуар Пушкинырщ. А тІур щызэхуэзауэ кьалъытэри Псыхуабэщ, епщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и 20-нэ гъэхэм урыс усакІуэр зигъэпсэхуну абы къыщыкІуарщ. Ахэр зэрызэІущІам, зэрызэдэлэжьам ягъ дыдэ тепсэлъыхьар урыс еджагъэшхуэ Бержещ, адыгэ щІэныгъэлІым и гъащІэм и къекІуэкІыкІар зэфІэзыгъэувэжу 1861 гъэм къыдэзыгъэкІарщ. А Іуэхум теухууэ и очеркым абы щитхыгъащ: «КъищынэмыщІауэ, Нэгумэр зыцІыхуу щыта адыгэ зырызхэм жаІэж Пушкиныр Псыхуабэ щыщыІэм щыгъуэ абы нэІуасэ зыхуищІауэ, щІыпІэм ис лъэпкъхэм я хъыбархэр зэхуихьэсынымкІэ урыс усакІуэм ар дэІэпыкъуауэ икІи уэрэдхэр урысыбзэкІэ Нэгумэм щызэридзэкІым усакІуэм ахэр зэригъэзэхуэжауэ». Берже къыжиІа а гупсысэр яфІэкъабылу даІыгъащ Шорэ и творчествэм елэжьа щІэныгъэлІхэу Комарович В., Николаев М., Турчанинов Г. сымэ, ар зэрагъэбыдэ тхыгъэ пыухыкІа къамыхутэфами.

ЩІэныгъэлІ куэдым и щхьэ течауэ зэрыжаІэмкІэ, Нэгумэ Шорэ хуэзауэ, фІыуэ ицІыхуу, дэлэжьауэ хуагъэфащэ Лермонтовми. Урыс усакІуэм и тхыгъэ куэдыр зытещІыхьар адыгэ Іуэрыіуатэм къыхиха хъыбархэрщ, зэрыщыту абы и творчествэм адыгэ гъащІэм, хабзэм, хьэл-щэнхэм щІыпІэ ин дыдэ щаубыд. Урыс усакІуэ гъуэзэджэм ахэр къыхуэзыІуэтар, абыхэм нэІуасэ кууэ хуэзыщІар Нэгумэр арауэ куэдым къалъытэ. Адыгэ, урыс усакІуитІым я зэхущытыкІар нэхъ зыубгъуауэ къэзыгъэлъэгъуар лермонтовед цІэрыІуэ Андреев-Кривичщ, къиІуатэ гупсысэ щхьэхуэхэм арэзы дыдэ укъамыщІми.

Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэхэм нэхъ цІэрыІуэр «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр» тхылъырщ, тІэкІу иужьыІуэкІэ нэмыцэбзэкІэ зэрадзэкІыу Германием къыщыдэкІарщ. Адыгэ щІэныгъэлІым а и лэжьыгъэм къызыхэкІа и лъэпкъым и гъуэгуанэ хуэлъэр, и псэукІам и щытыкІэ пэжыр, и щхьэхуитыныгъэм папщІэ иригъэкІуэкІа бэнэныгъэр, хабзэ гъэщІэгъуэн зэрихьахэр, хьэл-щэн хьэлэмэт хэлъахэр ягъ дыдэ щызэфІигъуэвэжащ. Адыгэхэр дунейпсо тхыдэм, лъэпкъ Іэджэм я деж куэд щІауэ цІэрыІуэ щыхъуащ лІыгъэ телъыджэ яхэлъамкІи, я хэкум и щхьэхуитыныгъэр зэрахъумэжамкІи, я акъылыфІагъэмкІи, цІыхугъэмкІи, гущІэгъу яхэлъамкІи, хьэщІэр зэрагъэлъапІэмкІи, я фащэ-щыгъын гъуэзэджэ зэрагъэпэщахэмкІи, хабзэ хьэлэмэт зэрахьахэмкІи. ЛІэщІыгъуэ блэкІахэм ахэр ерыщу иужь итащ я щэнхабзэм зэрызрагъэужьыным, тхыбзэ зэрызрагъэпэщыным. Абы и лъэныкъуэкІи адыгэхэм нэхъ ехъулІэныгъэ инхэр щызыІэрагъэхьар алыджхэм (грекхэм) пыщІэныгъэ быдэ щыхуаІарщ. Ауэ иужькІэ хэкур лъэпкъ куэдым я зекІуапІэ щыхъум, бгырысхэр зэхэзехуэн щащІым, абыхэм алыджхэм хуаІэ пыщІэныгъэр кьолъахъшэ.

«Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» Іэзагъышхуэ хэлъу щызэфІэгъэувэжащ лъэпкъ Іуэрыіуатэм къыхаха куэд. Абыхэм ящыщ зыщ «Инал и лІыхъужьыгъэм и хъыбарыр». ЛІэщІыгъуэ екІуэкІахэм адыгэ лъэпкъым и япэ унафэщІ акъылыфІэу абы зыкъигъэлъэгъуащ: адэ щІыналъэр зым и унафэм едаІуэ ищІащ, къыдалъхуахэр мамыр псэукІэм хуишащ, хабзэ мыхъумыщІэхэр икъутащ, лъэпкъым и цІыхухэм хьэл-щэныфІхэр яхипщащ. Лъэпкъ тхыдэм, гъащІэм цІыху щхьэхуэм куэд щелэжьыф. ЗылІ къарукІэ Инал хуэзфІэкІыр пхужьмыІэну инщ, тхыдэм къыхэнащ, ауэ ар езыр дунейм зэрехыжу и хэкум игъуэта лъэщагъри хабзэ къекІуу абы щагъэувауэ щытахэри псынщІэу мэлъэлъэж. Нэгумэм ар зи зэрануи къилъытэр а пщы цІэрыІуэм къыщІэхъуа и бынхэрщ, абыхэм я зэгурымыІуэныгъэрщ, пагагъэ, хьэл-щэн мыхъумыщІэ яхэлъахэрщ.

Инал и хъыбарым зыкъомкІэ йокІуалІэ, ещхьщ «Идар Темрыкъуэ и хъыбарри». ЛІыгъэшхуэ зыхэлъ, хэку зэІуэпэщыр, лъэпкъыр кьыдэтегъэнэныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу къэзылъытэ пщышхуэ Темрыкъуи хамэ щІыпІэ кьикІ бийхэм ерыщу ягъуват, адыгэхэр зыуэ зэгуигъэхьэну, ахэр зым и унафэм щІигъэувэну хущІэкъурт.

Нэгумэ Шорэ и тхылъым Инали Темрыкъуи щІыщигъэлъапІэр я къаруи я пси емыблэжу ахэр хэку щхьэхуитыныгъэм, лъэпкъ зэІуэпэщым зэрытелэжьахэрщ.

Лъэпкъ щІэныгъэм и лъабжьэу щытын хуейуэ Шорэ къилъытэр анэдэлъхубзэрат. Аращ ар еш имыІэу щІэныгъэм щІыхуэлэжьар, лъэпкъыбзэм тхыгъэ щІыхуэзэхилъхьар, алыфбейр щІигъэхьэзырар, адыгэбзэм и грамматикэр щІитхар, еджапІэ къыщІыуихыну иужь щІитар, лъэпкъым щыщ ныбжьыщІэхэр еджапІэхэм щІыщІигъэтІысхьэр, гъащІэм сэбэп къащыхуэхъуН Іэщ Іагъэ зэхуэмыдэхэр зэрыригъэгъуэтыным щІыхэтар, щІэныгъэм и бий тепщэ гупым бэнэныгъэ щІыдригъэкІуэкІар.

КЪАУДЫГЪУ Залым.

Нобэ ЕгъэджакIуэм и махуэщ

ЕгъэджакIуэ. Сыт щыIэ абы нэхъ лъапIэ? ЕгъэджакIуэм пэхъуфынур укъэзылъхуахэмрэ уи Iыхьлы дыдэхэмрэщ. Аращ ди республикэм щызэхэдубла «Журналист щIалэгъуалэм и еджапIэм» къекIуалIэхэм газетым къытрагъэдзэну ягъэхьэзыра я япэ тхыгъэхэр щIэныгъэм лъагъуэ яхуэхэзышауэ нобэми IэфIу ягу илъхэм щытраухуар. Ди гуапэу абыхэм ящыщ зыбжанэм фащыдогъэгъуазэ.

И гум и къабзагъым акъылыр къызэщIегъанэ

«ЕгъэджакIуэфIу ущытын папщIэ фIыуэ плъагъун хуейщ зэребгъаджэри ерыгъаджэри...». Аращ сыт щыгъуи зытетыр Бахъсэн къалэм щыIэ ЦIагъуэм и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №9-м и унафэщI Бэрбэч Марьянэ Борис и пхъур.

А ЕДЖАПIЭ дыдэм Марьянэ лэжьэн щыщIидзащ 2006 гъэм, инджылызыбзэмкIэ егъэджакIуэу. Пасэ дыдэу наIуэ хъуащ абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр адрейхэм зыкъомкIэ къаэзрыщхьэщыкIыр. Къапщтэмэ, пэщIдзэ классхэм щIэсхэм я дерсхэр къаэзрыгурыIуар щIигъэбыдэн папщIэ Марьянэ джэгукIэ Iэмалхэр къигъэсэбэпырт. Апхуэдэ щыкIэкIэ къатемыхьэлъэу цIыкIухэм хамэбзэр зрагъащIэрт.

Нэхъ балигъыIуэхэм папщIэ сценарий хьэлэмэтхэр зэхилъхьэрт, школакIуэхэр тыншу езыр-езыру инджылыбзэкIэ зэпсэлъэфын хуэдэу. Художественнэ литературэм, кинофильмхэм, уеблимэ уэрэдхэм щыщ Iыхьэхэр къигъэсэбэпырт. Апхуэдэ егъэджэкIэм дихьэха сабийхэр лъаIуэрт дерсхэм адэкIи къыпащэну.

И Iэщ Iагъэм хуиIэ лъагъуныгъэм, абы псэемыблэжу зэрыбгъэдэтым еджакIуэхэри зы Iэщ Iишэрт. Марьянэ цIыкIухэм яжриIэрт: «Фэ фхуэдэ дунейм теткъым. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми куэд дыдэ хузэфIэкIынущ, фи къарумрэ щIэныгъэмрэ зэрыиныр фи фIэщ хъужмэ. ИпэкIэ фыкIуатэ, зы щхьэкIи фыкъимыкIуэт!» Апхуэдэ тезыгъэгушхуэ псалъэхэр зэхэзыха школакIуэхэм я егъэджакIуэм хуащI дзыхьыр гъунэншэт.

Зэгуэрым сабийхэм епсалъэу абы цIыкIухэм яжриIащ я щIэныгъэр здынэсыр нэхъыбэ къащIэну зэрыщIэхъуэпсыр. ЦIыкIухэми ар яфIэхьэлэмэт хъуащ. Арати, зэгурыIуащ «дерс зэIуха» ирагъэкIуэкIыу, я зэфIэкIыр здынэсым еплъыжыну.

Мазэ псокIэ ерыщу загъэхьэзыращ. Махуэ къэс еджакIуэхэр хущIэкъурт я щIэныгъэм нэхъри хагъэхъуэну. Хэти псалъэщIэхэр зригъащIэрт, хэти Iуэтэжхэр, къэпсэлъэныгъэ хьэлэмэтхэр игъэхьэзырт. Гухэхъуэт ухэплъэну школакIуэ цIыкIухэм жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу Iуэхум зэрыбгъэдыхьэм.

Зыгуэрхэр щымыхъум и деж Марьянэ и гъэсэнхэм къагуригъаIуэрт гугъуехьхэм уакъыпикIуэтмэ, гъащIэм зыри къызэрыщомыхъулIэнур. Лъэпощхьэпохэм цIыхур япсыхьын зэрыхуейр я фIэщ ищIырт.

ПIалъэр къэсри «дерс зэIухар» ятащ. Ар апхуэдизкIэ фIы хъуати, куэд дыдэрэ тепсэлъыхьыжащ зыгъэхьэзырахэри абы щIэсахэри. Школым и унафэщIу абы щыгъуэм лэжьа ГъукIэлI Маринэ дэрэжэгъуэ ин зэригъуэтар жиIащ икIи Бахъсэн къалэм щыпсэухэр зэрыщыту щыгъэгъуэзапхъэу къыхилъхьащ.

ЕджакIуэхэр лъэ быдэкIэ увынымкIэ «дерс зэIухар» Iуэхугъуэ лъэщт. Абы къызэрыгуэкI сабийхэр иригъэсащ я зэфIэкIыр утыку къралъхьэфу, гугъуехьхэм щымышынэу икIи адэкIи я зэфIэкIхэм хагъэхъуэну хуигъэушащ.

Илъэсищ дэкIри, 2018 гъэм, Бэрбэч Марьянэ щытекIуащ «Гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и къызэзыгъэпэщакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и мыниципальнэ, щIыналъэ Iыхьэхэм. ИужькIэщыIа «Илъэсым и егъэджакIуэ» къэралпсо зэпеуэм пашэ щыхъуахэм хыхьащ.

2021 гъэм ар и унафэщI хъуащ щылажьэ Бахъсэн къалэм щыIэ ЦIагъуэм и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №9-м. Шэч хэлъхъым абы и зэфIэкI инхэм дяпэкIи екъулIэныгъэфIхэр къаазэрыпэкIуэнум.

ДОЛ Iэминэ.
Бахъсэн къалэ
Сурэтыр
Пэфыф Мадинэ *трихащ.*

Лъэхъэнэм добакъуэ

Илъэс къэс дгъэлъапIэ ЕгъэджакIуэм и махуэм схуэшэчынукъым си егъэджакIуэ икIи ущиякIуэ Iэзэ КIуащ Ларисэ Зулимбий и пхъум и цIэр къизмыIуэу. Сэ сызыщIэса Курп Ипщэ къуажэм абы химиемкIэ дыщригъэджащ. Ларисэ егъэджэныгъэм зэрыпэрыта илъэс 40-м щыщу 15-м завучу лэжьащ икIи хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ щIэблэр гъэсэнымрэ щIэныгъэ егъэгъуэтынымрэ. «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр нэгъабэ къыфIащащ, нэхъ ипэжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и фIыщIэ къыльысащ (2010 гъэм). Иджыблагъэ абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Ларисэ, егъэджакIуэ ухъуну сыт утезыгъэгушхуар?

- ЕплIанэ классым сыщIэсу арат «Хэт ухъуну ухуей?» сочиненэ щыдагъэтхыу а Iуэхум сыщегупсысам. Си егъэджакIуэр апхуэдизу фIыуэ слъагъут, сригушхуэрти, абы ещхь сыхъуну фIэкIа сыхуейтэкъым. Арати, школыр къэзуха иужькIэ быдэу мурад сщIащ егъэджакIуэ Iэщ Iагъэр къыхэсхыну.

- Сыт биологиемрэ химиемрэ къыщIыхэпхар?

- Си дэлъху нэхъыжьыр агрономт, нэхъыщIэр стоматологым хуеджэрт, шыпхъу нэхъыжьыр медсестрат. Сэ ахэр зэпысщIэ хуэдэу хъуащ.

- ЕгъэджакIуэ Iэщ Iагъэм сыт щынэхъ гугъур?

- Дэтхэнэ зы Iэщ Iагъэми лъабжьэ быдэ иIэщ. Дэри аращ. Сабийхэм уагурыIуэныр, зэхущытыкIэ тэмэм зэхэублэныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Уи еджакIуэхэр уи ныбжьэгъуу, ауэ щхьэж зищIысыр, къезэгъымрэ мыхъунымрэ зыхищIэу щытыпхъэщ. ИгъэщIэ лъандэрэ егъэджэныгъэм щызэтеува хабзэхэр пхъумэурэ нобэрэй махуэми удэхъун хуейщ. Ди Iэщ Iагъэм гугъуу хэлъыр, щIэныгъэ щIэблэм еттыным къыдэкIуэу, я псэм щыщIэхэри зыхэтщIэн, хуей хъумэ, дадэIэпыкъун, защIэдгъэкъуэн зэрыхуейращ. Ар куэдым къайхъулIэркъым.

- ЕгъэджакIуэфI ухъун папщIэ сыт сэбэп къыпхуэхъуар?

- Зы хабзэ пыухыкIа гуэр абы иIэкъым. Абы щыгъуэми сэбэп къысхуохъу фIыр ем зэрытезгъакIуэр, нэжэгужагъ зэрысхэлъыр, щIэм сызэрыхуэпабгъэр. Датхэнэ сабийми, псом хуэмыдэу ар псынщIэмэ, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуейщ. АбыкIэ сэ зэи гугъуехь сиIакъым. СащIыгурыIуэфри си щхьэ изолъыт, я пIэм соувэри аращ. ЕгъэджакIуэм Iэмал имыIэу а хьэлыр хэлъын хуейуэ къызолъытэ.

Гу зылъытапхъэ: *КIуащ Ларисэ и дуней тетыкIэр, гъэсэкIэр апхуэдизу си гум дыхьати, щхьэгъусэ сщIар абы къилъхуа икIи игъэса и къуэрщ. Иджы ар си егъэджакIуэ къудейкъым, атIэ икIи си гуащэ гумащIэщ.*

КIУАЩ Зуридэ.
Курп Ипщэ

Сабийхэм я гукъеуэр зыхещIэ

Умэ Иннэ Борис и пхъур илъэс 24-м щIигъуауэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытщ. 1985 гъэм пионервожатэу лэжьэн щригъэжьащ Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №5-м.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь Иннэ лэжьапIэ уващ Налшык и курыт еджапIэ №3-м. Абы IэфIу игу кьеГъэкIыж IэнатIэм щыпэрыхьагъащIэм дэтхэнэ зы егъэджакIуэ нэхъыжьри щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну хьэзыру зэрыщытар.

Зэман дэкIри, Умэ Иннэ Налшык и курыт еджапIэ №19-м ирагъэблэгъащ икIи нобэр къыздэсым щолажьэ, и къаруи зэфIэкIи сабийхэм ябгъэдилъхьэу. Абы иригъаджэхэм я гукъеуэри гурыфIыгъуэри нэсу зыхещIэ икIи дэтхэнэми зэрыдэIэпыкъуным хущIокъу.

- Гукъыдэж ин къызиту фIыуэ слъагъу си IэнатIэм сыпэрытщ, - жеIэ Умэ Иннэ. - Сабийхэм уадэлэжьэныр дэрэжэгъуэ инщ. Срогушхуэ си еджакIуэ цIыкIухэм ОГЭ, ЕГЭ къэпщытэныгъэхэм баллышхуэхэр къыщахькIэ, къэралымрэ республикэмрэ щекIуэкI олимпиадэхэм щытекIуэкIэ, нэхъыфIхэм щыхабжэкIэ.

Иннэ урысыбзэмрэ литературэмрэ я егъэджакIуэ гъуэзэджэ кудейкъым. Ар икIи класс унафэщI телъыджэщ. Егъэджэныгъэм къищынэмыщIауэ гъащIэм узыщрихьэлIэ сыт хуэдэ IуэхугъуэкIи абы чэнджэщ щхьэпэ къуитыфынущ икIи къыбдэIэпыкъуфынущ.

ЖаIэ, егъэджакIуэр мыIэщIагъэу, атIэ Тхьэм къабгъэдилъхьа фIыгъуэу. Ар щынэрылъагъущ лIэщIыгъуэ плIанэм нэблэгъауэ и псэм щыщ Iыхьэ сабийхэм ятезугъашэ Умэ Иннэ и деж.

КЪУЩХЬЭ Нэзар.

Дэтхэнэри бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуэныкъуэщ

Зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм уадэлэжьэныр, ахэр еблъэджэныр Iуэху тыншкъым. Абы папщIэ уи IэщIагъэм фIыуэ хэпщIыкIыным хищынэмыщIауэ, сабийхэр фIы дыдэу плъагъун, зышIэныгъэшхуэ, гукъыдэж мыухыж пхэлъын хуейщ. Апхуэдэщ Налшык дэт Сабий творчествэмкIэ уардэунэм ныкъудыкъуэ цIыкIуэхэм щадэлажьэ Тэрчокъуэ Альбинэ Хьэчим и пхъур. Нобэ ар ди псэлъэгъущ.

- Альбинэ, егъэджэныгъэ Iэщ Iагъэм дауэ ухуэкIуа?

- Егъэджэныгъэ IэнатIэм сыпэрыувэну япэ дыдэу сыщегупсысар етхуанэ курсыр къыщыдухым школым сыщылэжьэну къыщысхуагъэлъэгъуаращ. ЯпэщIыкIэ сытегушхуэщакъым. Зэман дэкIри, сэри бын згъуэтауэ, ар здэсшэ сабий садым гу щылъыстащ зы щIалэ цIыкIу. Ар адрейхэм зыкIи къащхьэщыкI хуэдэтэкъым, ауэ псоми запылуидзырт. СыщIэупщIэри, и узыфэр зджыуэ сыхуежьащ. Апхуэдэу сыпэрыхьащ зи узыншагъэм ныкъусаныгъэ иIэ сабийхэр егъэджэным.

- Сыт абы адрей егъэджэныгъэм къащхьэщыкIыу хэлъыр, сыткIэ удихьэхрэ?

- КъаэзрыщхьэщыкIыр, дэтхэнэ сэбийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэн зэрыхуейращ. Абы теухуауэ дерсхэр зэрезгъэкIуэкIри зэщхьэщызогъэкI.

- Сыт хуэдэ гугъуехьхэм нэхъыбэрэ уажьыхэуэрэ?

- Гугъуехьым я нэхъыбэр къызыхэкIыр нэхъ пасэу зэрырагъэджэу щытам ди IэнатIэр псынщIэу къызэрыпэрымыкIыфращ. Илъэс къэс сэ езырезыру си лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр хызолъхьэ. Къызолъытэ, дерсхэр нэхъ хьэлэмэту, удэзыхьэхыу, щIэщыгъуэу щытын хуейуэ.

- Альбинэ, ЕгъэджакIуэм и махуэмкIэ ди гуапэу сынохъуэхъу. Сыпхуохъуапсэ уи IэщIагъэ гугъур, ауэ икъукIэ дызыхуэныкъуэр фIыуэ зэрыплъагъур сыт щыгъуи уи псэм хэлъыну, дэрэжэгъуэ къуитыну.

- Ди псалъэмакъым и кIэухыу жысIэну сыхуейт егъэджакIуэм и лэжьыгъэр кабинетым къызэрыщIэкIыжу иухыу зэрыщымытыр къыхэзгъэщыну. И щIэныгъэм, зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным ар сыт щыгъуи хущIэкъун хуейщ. ИтIанэщ абы лъэпкъым хуэфэщэн щIэблэр щыхуэгъэсэнур.

КЪУЩХЬЭ Iэсият.

Хуэмей щапхъэщ ди дежкIэ

Аушыджэр еджапIэм сыт хуэдиз цIыху къыщIэкIа, зэфIэкI лъагэхэр иужькIэ гъащIэм къыщагъэлъэгъуауэ! Сыт хуэдиз егъэджакIуэ гъуэзэджэ абы щыIа икIи нобэ щылалажьэрэ! Абыхэм кIыхьу уатепсэлъыхьыфынущ. ИджыпстукIэ зи гугъу фхуэсщIынур Къардэн зэкъуэшхэм я цIэр зезыхьэ школым и егъэджакIуэ Гъут Хуэмейщ.

И АДЭР Хэку зауэшхуэм къикIыжа иужькIэ щылэжьа, езыри щеджа школым и гъащIэр ирипхащ Хуэмей. 1972 гъэм КъБКъУ-м и физико-математическэ факультетым щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэкIэ къиухарэ щIэныгъэ ищхьэ иIэу щалъхуа жылэжьым къигъэзэжащ. Илъэсий еджапIэм и директор Урыс Исмэхьил и унафэм щIэту IэнатIэм пэрыуващ икIи япэ махуэхэм щегъэжьауэ хъыхуащIа дзыхьыр игъэпэжащ. Ар фIыуэ къалъагъурт зыхэт гуми, иригъаджэхэми, адэ-анэхэми. ЩIэныгъэ кууи школакIуэхэм ябгъэдилъхьэфырт икIи куэдым иужькIэ ар Iэщ Iагъэ яхуэхъужащ.

Илъэс плIыщIым щIигъукIэ аушыджэрдэсхэр абы есэпым хуригъэджащ. Хуэмей и гъэсэнхэм сэри сащыщщ икIи сыт щыгъуи IэфIу си гум илъщ. Ар щапхъэщ ди дежкIэ. Куэд щIакъым абы и илъэс блыщI юбилейр зэригъэлъапIэрэ икIи хуэхъу хужаIар къабыл хъуну Тхьэм жиIэ.

Гъут Хуэмей и лэжьыгъэфIым хуэфэщэн пщIэ лъагэ игъуэтащ. Абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр, ГуащIэдэкI щIыхьым и орденыр, УФ-мрэ КъБР-мрэ я щIыхь, щытхъу дамыгъэ куэд къыхуагъэфэщащ. Пенсэм тIысыжауэ нобэ щысми, щIэбдэр гъэсэныр IэщIыб ищIыркъым икIи школым щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэшхуэми зыкърегъэхьэлIэ.

ДЖЭДУГУЭШ Оксанэ.
Аушыджэр

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар
ХЬЭТАУ Ислъамщ.

● Гъэщіэгъуэнщ

Мыщэм я нэхъ иныр

КУЭДЫМ я гугъэщ мыщэ хужьым нэхъ ин псэущхьэхэм яхэмыту. Ауэ 1987 гъэм Алискэм къыщаубыдат мыщэхъу гъуабжэшхуэ. Ар щашэчам, килограмм 680-рэ и хьэлъагът. Мыщэ хужьхэм я нэхъ иныр зэрыхъур килограмм 450-рэщ. Апхуэдэ мыщэм и плІэ лъакъуэмкІэ зэ уэгъуэм гуум я нэхъ иныр къеукІыф. Зэвгъапщэт: аслъэн нэхъ ин дыдэм и хьэлъагъыр килограмм 230-рэщ, къаплъэным – килограмм 270-рэщ. ЩІым щызекІуэ псэущхьэхэм ящыщу а мыщэ гъуабжэм нэхърэ нэхъ ину щыІэр пылым и закъуэщ.

МащІэт зауэ щемыкІуэкІар

Швейцариемрем щыщ еджагъэшхуэ Бабель Жан-Жак къызэрихутамкІэ, ди эрэм и пэкІэ 3500 гъэм къыщыщІэдзауэ ди эрэм и 2000 гъэм нэсыху (илъэс 5500-м къриубыдэу) дунейм зауэ къыщымыхъуу зэрекІуэкІар илъэс 292-рэщ.

* * *

«Титаник» кхъухь абрагъуэр 1911 гъэм Инджылызым щаухуэу щытащ. Абы и хьэлъагът тонн 46.300-рэ, метр 269-рэ и кІыхьагът, метр 28,2-рэ и бгъуагът, метр 26-рэ и лъагагът. ЩыщІилъэфа махуэм абы цІыху 2.224-рэ исащ. Абыхэм ящыщу цІыху 1513-рэ хэкІуэдащ.

* * *

Индием щыщ Таммлиад Джейрам 1988 гъэм мазаем и 12-м щІидзэри, сыхьэт 58-рэ дакъикъэ 19-кІэ Іэгу еуат.

* * *

Инджылызым щыщ Кенмун Джон 1989 гъэм мэкъуаугъуэм и 4-м дакъикъиплІым къриубыдэу маркэ 328-рэ бзэгукІэ псыф ищІурэ письмоилъэм тригъэуат.

ШЫПШ Даянэ.

● Шхыныгъуэхэр

ЩІакхъуэзэтеупІэщІыкІ



Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр пІинэу Іэнэм траухуанщІэ, и кур къратхъу. Шхум фошыгъу, шыгъу, содэ, сэхуран дагъэ, джэдыкІэ уда халъхьэри, фошыгъур ткІуху псори зэхагъэзэрыхь, ар хьэжыгъэм хуащІа кумбым иракІэри тхьэвыр япщ. Тхьэвыр кІыхьу ягъэджэрэзри, Іыхьэурэ зэпаупщІ, ахэр хупхъэкІэ пІащІэу яху, мм 1,5 - 2 я Іувагъыу. Адрейхэм нэхърэ нэхъ ину зы тхьэв Іыхьэ яху, Іэнэм тхъу щахуэри ар тралъхьэ. Абы тхъу щахуэ, фошыгъуи трагъэщащэ. Тхьэв яхуа псори я зэхуакум тхъу щахуэм, фошыгъу дагъэлъалъэурэ лъагэу зэтралъхьэ. ИтІанэ и лъабжьэ дыдэм щІэлъ тхьэв иным и кІапэхэр къыдрашейри зэтралъхьа псоми я щІыІум джэдыкІэпскІэ щызэкІрагъапщІэурэ, а псори тхъу зыщыхуа тебэм хуэсакъыу иралъхьэ, и щхьэм шатэ щахуэ, хьэкулъэм ирагъэувэри и щхьэфэр дыщафэ хъуху (дакъикъэ 20-25-кІэ) ягъажьэ. Хьэзыр хъуа щІакхъуэзэтеупІэщІыкІым тебэм зэрилъу и щхьэфэм псы щІыІэ тІэкІу щахуэ, тебащхьэр трапІэжри нэхъ щабэ хъун щхьэкІэ дакъикъи 10 - 12-кІэ щагъэт. ИтІанэ Іыхьэурэ зэпаупщІри Іэнэм трагъэувэ. Шей драф, шху, шатэ дашх. ЩІакхъуэзэтеупІэщІыкІыр зэращІыр тхъущІэкІэщ. Тхъур жьымэ, абы мэ гурымыхь къыхех.

Халъхьэхэр:

гуэдз хьэжыгъэу – г 600,
шхууэ – г 300,
тхьэвым халъхьэ джэдыкІэу – 1,
тхьэвым щахуэ джэдыкІэу – 1
шыгъуу – г 2
содэу – г 4
шатэу – г 25

Фошыгъуу, тхъууэ, сэхуран дагъэу – узыхуейм хуэдиз.

Лы гъэбэкхъа кІэртІоф щІэлъу

Мы шхыныгъуэр былымылми мэлылми къыхэпщІыкІ хъунущ. Лыр тыкъыр цІыкІуурэ, г 30 - 40 хъууэ, яупщІатэ, псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, ягъэжэпхъ, шыгъу хадзэри фІыуэ зэІащІэж. Лы шыуар дагъэ къэплъам мыІув дыдэу халъхьэ. МафІэр ин ящІри зэІащІэурэ ягъажьэ, тхъуэплъ хъуху. ИтІанэ абы щІакІэ лэпс е псывз, зэІащІэри, тебащхьэр тепІауэ, мафІэ мыиным тету ягъэбэкхъ дакъикъэ 20 - 25-рэ хуэдизкІэ. Ар зэрызэфІэкІыу, ІупщІэурэ упщІэта кІэртІоф, щхьэхуэу гъэжьа бжьыныщхьэ халъхьэ, зэІащІэ, тебащхьэр трапІэжри мафІэ цІыкІум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Хьэзыр хъуа шхыныгъуэм джэдгын трагъэщащэри тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ зытхухкІэ щагъэт, мэ гуакІуэ къищтэн щхьэкІэ. Іэнэм щытрагъэувэкІэ зэІащІэ. ЗэрызэщІэлъу тепщэчым иралъхьэри пщтыру яшх, пІастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, мэжаджэ, щІакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

лыпцІэу – г 200,
кІэртІоф укъэбзауэ – г 50,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ – г 30,
щэ гъэткІуауэ – г 60

шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну – узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Ямыгъэ Іу зэхахыркъым

♦**Шхырыджэгу ныбалъэ, гъаблэ хъумэ, щхьэпІыж.**
♦**ШыщІэ къамылъхуам уанэ трелъхьэ.**
♦**Гъунэгъур унэгъущ, къигъунэгъужыр гъунэгъущ.**
♦**Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.**
♦**Зэдэшхэ Іэфіщи зэдэфІ унэщ.**
♦**Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
♦**Хъуэжэ и бэщмакъыу зыкърегъанэ.**
♦**Шынэ зиІэм укІытэ иІэщ.**
♦**Хъумэ, зыфІ, мыхъумэ, фІитІ.**
♦**Ямыгъэ Іу зэхахыркъым.**
♦**Псы Іуфэм Іусым псы икІыпІэр ещІэ.**
♦**ХъунщІэнрэ къуентхъынрэ зыщ.**
♦**Хьэ бзаджэ тІысыпІэншэщ.**
♦**Шым и лъакъуэ и бийщ.**
♦**УпщІэ и анэ фІэрафІэщ.**
♦**Хамэ дагъуэр лъагъугъуафІэщ.**
♦**Мыублэ мыхъумэ, мыух щыІэкъым.**
♦**ХущІэмыхьэ пІащІэрыпсалъэщ.**
♦**Псы мыгъавэ бдзэжьей хэсщ.**
♦**Мысэр малъэри хейм и лъакъуэр щІеуд.**
♦**Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.**
♦**Дыщэр дыщэ зыщІыр пщІэнтІэпсщ.**

● Узыншагъэ

Дзэр быдэ хъун папщІэ

Лъыр зи мащІэ цІыхум щынэ цІыкІу хуаукІырти и тхьэмщІыгъур хуабэу кърахырт, тыкъыр цІыкІуу яупщІатэрти имыгъэныщкІуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Іумпэм ищІмэ, ягъэвэпхъырт.

* * *

ХьэлІамэ кІупІинэм шэ хуабэ, шху дэпшхреймэ, абы Іэпкълъэпкъым хэлъ шлакхэр къыхегъэкІ, напІэ зэлъахэри егъэхъуж.

* * *

Дзэр быдэ хъун щхьэкІэ гуэдзым къыхэщІыкІа кІытэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэныщкІуурэ жьэдагъэлъ, яхуэшэчыху, итІанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым къриубыдэу тхуэ-хэ ящІ.

* * *

Дзэр быдэ хъун щхьэкІэ щыгъуэлъыжкІэ бжьыныху къикІыкІа хьэдзэ зы-тІу ягъэныщкІури яхуэшэчыху жьэдагъэлъ, итІанэ къыжьэдадзыж. Абы и ужькІэ нэху щыху зыгуэр пшхыи, уефи, уи дзэр плъэщІыжи хъунукъым.

* * *

Тэмакъыдзэр адыгэм зэригъэхъужу щытар: адыгэ бжьыныщхьэ гъэвар сымаджэм жьэдрагъалъхьэрти, пщтыру жьэдагъэлът упщІыІуху, Іэмал иІэмэ пэкІэ ягъэбауэурэ. Апхуэдэурэ махуищ-плІыкІэ зрагъэхьэлІэрти сымаджэр хъужырт. ЩащІыр гъуэлъыжыгъуэм дежт.

* * *

Махъсымэ, мэрэмжьей ящІу къэна кІэрыхубжьэрыхуэри адыгэм къигъэсэбэпу щытащ: къапщтэмэ, ахэр я напэм щахуэрти кІэрагъэлът, дахэ ещІ, нэкІу къилъэлъ-сытхэр егъэкІуэд жаІэрт. Абы нэмыщІ псы хуабэкІэ зэІыпхыу зрибгъэпскІынуи сэбэпышхуэщ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз



ЕкІуэкІыу: **4**. Дыгъужьым ... зыфІихьынур и пыІэ щыгукІэ къещІэ. **5**. ... дыгъужь фІэбэлацэщ. **6**. ЦІыхуфІ и тхьэкІумэ .... **7**. ... шыфІ хуэщщ. **12**. ... и цІэ ирелуэж. **13**. ... и гъунэгъу лыр мажьэ. **16**. Дзэр куэдрэ узмэ - ... . **18**. Е ..., е улІэн. **19**. Лы зышхар ... йофэж. **20**. ... щыкъун и пщІыхьщ.

Къехыу: **1**. ... зытІ йохуэж. **2**. ... нэр ирещІ. **3**. Нэ илъагъу нэ... . **8**. ... пут зэдумышхыу узэрыщІэркъым. **9**. Зым ищІэр щэхущи, ... ящІэр нахуэщ. **10**. ... хуэщІэ фІыщІэ иІэкъым. **11**. ... благъэр мэкІэ къещІэ. **14**. Анэм и ... пхъум и джанэщ. **15**. Джэду ... шыпсэ умыІуатэ. **17**. ФІэщ хъунытъэ хущхъуагъэ ... .

Зэхэзылъхьар **Бицу Жаннэщ.**

ФокІадэм и 28-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Урыху. **3**. Бжэн. **5**. Сэджыт. **8**. Гъуджэ. **9**. Хьэм. **10**. Усэ. **11**. Еру. **15**. Топ. **16**. Къурэ. **17**. «Лъапсэ». **20**. Чырэ. **21**. Мылъку.

Къехыу: **1**. Унагъуэ. **2**. ХущІэ. **3**. Бжы. **4**. Нэгумэ. **5**. Сэхуэплъ. **6**. Джей. **7**. Тхьэрыкъуэ. **12**. Щтауч. **13**. ЩІэп. **14**. Хьэмыку. **18**. Афэ. **19**. Сом.

ХьэпцIейрэ Мэзкуурэ зэпызыщIа гущэхэпхэ

«Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я аудио-теплъэ щIэнгъуазэ», - апхуэдэу пхузэдзэкIынущ иджыблагъэ къэралым Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и агентствэм кърихьэжьа проектыщIэм и цIэр. Лъэпкъыбэу зэхэт ди къэралым щыпсэухэр адрейхэм кърагъэцIыхуну мурад зыхуэзыгъэувыжахэр иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрми щыIащ. Ди псэукIэм и сурэт нэхъ Iупщl къыщагъуэтар Тэрч щIыналъэм хыхьэ Хьэмидей (ХьэпцIей) къуажэрщ.

ХЬЭПЦIЕЙМ нэхърэ нэхъ къуажэ зэгъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэрым щыбгъуэтынкIи хъунущ, ауэ Тэрч псыхъуэм хуэдэу псэм зыщигъэпсэху щIыпIэ, абы къыщыхъуа цIыхухэм нэхърэ нэхъ псэ хьэлэл, ерыскъыр нэхъ щыберычэт, хьэщIэр нэхъ зыщымысхьыжу щагъафIэ жылэ зэрыгъэтыгъуей дыдэм шэч къытевмыхьэ. А псом къадэкIуэу, къалэшхуэхэм япэIэщIэ къуажэжьым зэманым и Iэ щIыIэм зыIэщIримыгъэхауэ ехъумэ лъэпкъым къыдекIуэкI зэхущытыкIэ гумащIэри, псэукIэ зэпIэзэрытри, лэжьэкIэ жанри, цIыху Iэпщlэлъапщlагъэри, пщэфIэкIэ гунэсри, иджыпсту ящыгъупщэжа бзэм и хъугъуэфIыгъуэхэри.

Дэ десэжакIэщ къэрал утыкум щагъэлъагъуэ хабзэ «лъэпкъ цIуугъэнэхэм» ди фащэмрэ шыгъупIастэмрэ япэ зэритым. А псор дауэдапщэ гуэркIэ щIэгъэбыдыхьыжарэ джэгурэ Iэнэ берычэткIэ иухыжу. Узрагъэува къупхъэм уикI щымыхъум деж, уэзрыщымыту зыпхуэщIынукъым, уимыхьэли пхуэгъэлъэгъуэнукъым. ЦIыху къыпхыхьэху уцIыхущи, хьэпцIей жылэми хьэщIэм пщIэ зэрыхуащIыфыр нэгум щыщIагъэкIащ иджыпсту видеокIэщI пщIы бжыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэIэпах, бжьыхьэ пасэм и махуэ нэщхъыфIэхэм я зым хьэмидей псыхъуэм щагъэува шатырхэм я лъабжьэм щекIуэкIа гущэхэпхэ тхьэлъэIум. Дауи, ди цIыхубзхэм махуэ къэс шылэхъар хужь ятелъу дэткъым, мы сурэтхэм зэрыщыфлъагъум хуэдэу. Ауэ урысей цIыхубэм ирагъэлъэгъуа Темрокъуэ Ибрэхьим-цIыкIу и гущэхэпхэри, НэкIацэ Валентин и Iэпщlэлъапщlагъым и Iэужьу утыку кърахьа хьэпшып дахащэхэри, хьэлыуэри, зэкIэрысри, джэдыкIэрыпщри, джэдлыбжьэри Хьэпцlей еблагъэм махуэ къэси щигъуэтынущ. ИтIани, Мэзкуу къикIа хьэщIэхэм нэмыщIамэ, дэ Iэмал диIэнутэкъым мазитI фIэкIа мыхъуа Темрокъуэ Ибрэхьим и гущэхэпхэм «дыхэтыну».

«Нобэ мы тхьэлъэIур зращIэкI Ибрэхьим фIаща цIэр къызэрыгуэкIкъым, бегъымбарыцIэщ, - купщафIэу иришэжьащ и хъуэхъур къуажэм фIы дыдэу щалъагъу, и гъэсэнхэр адрейхэм къахэщу, илъэс куэдкIэ егъэджакIуэу лэжьа Хьэтыхъу (Ашыбокъуэ) Марие. - И цIэм хуэфащэу, къызыхэхъуа Темрокъуэхи зэрыадыгэ лъэпкъыуи ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, гъуэгу захуэм тету псэун щIалэ Тхьэм ищI. Дыгъэм ещхьу хуауба мы хьэлыуэм хуэдэу и гъащIэр нэхуу, абы хуэдэу Iэфlу псэуну Алыхьым жиIэ».

Сурэтхэм Iупщlу уи нэгум къыщIагъэувэ Хьэпцlей хуэмыху зэрыдэмысыр, гъэсэныгъэми зэхущытыкIэ гуапэми пщIэшхуэ зэрыщыхуащIыр. Хьэлыуэр зэIызыщIэ ТIэрэщ Анетэ бэлагъыр дакъикъэкIэ яIэщIелъхьэ тхьэлъэIум кърихьэлIа пщащэ цIыкIухэм. Мы теплъэгъуэхэр ди махуэкъэс гъащIэм зэрыхэмытым гур нэхъ лейуэ игъэхуабэрэ хьэмэрэ игъэупщIыIурэ?! Дауэ хъуми, нэхъыжьми нэхъыщIэми къатехуэр ящIэмэ, лъэпкъыр ипэкIэ мэкIуатэ, дыгъуасэм и ужьым нобэр къоувэ.

ТхьэлъэIум цIыхухэм щаIэну гукъыдэжыр куэдкIэ елъытащ ар езыгъэкIуэкIым. Хьэпцlей жылэр апхуэдэ Iуэхукlэ зэи насыпыншэ хъуркъым, сыту жыпIэмэ, Тамбовкэ къуажэм щэнхабзэмкIэ и унэм и режиссёр-постановщик, лъэпкъ дауэдапщэхэр езыгъэкIуэкI, Джылахъстэнейм фIыуэ щацIыху Щад (Тап) Марианнэ хьэпцIеипхъущ. ЖиIэр и цIыху щIыкIэ гуакIуэм езыр-езыру къызыдихьу къыпфIигъэщIу, Марианнэ и адыгэбзэ щхъуэкIэплъыкIэм гулъытэ щагъуэтащ Ибрэхьим-цIыкIу къызыхэхъуа Темрокъуэхи, сабийм и анэш Щамырзэхи, тхьэлъэIум къекIуэлIа дэтхэнэ зы цIыхуми, абы къыщалэта ерыскъыми.

Къеблэгъахэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ зи къуэрылъхур гущэм хэзыпхэу флъагъу Темрокъуэ Ларэ: «Ди щIалэм и тхьэлъэIум кърихьэлIа дэтхэнэ зыми лъэбакъуэу къэфчар Тхьэм псапэу къывитыж. Алыхьым узыншэу укъытхуигъэхъу, гъащIэ кIыхь Тхьэм утхуищI, къекIуэлIахэми Тхьэр арэзы къыфхухъу. Мыпхуэдэ фIыгъуэ унагъуэкIэ зиIэн псори Тхьэм фищI».

Адыгэм и цIэр лейуэ къраIуэным щхьэусыгъуэ хуэхъуа Темрокъуэ Ибрэхьим-цIыкIуи я зы махуэ гъащIэ ди нэгу щIэзыгъэкIа Хьэпцlей жылэми я хъыбарыфIхэр нэхъыбэж хъуну ди гуапэщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Лъэпкъыпсэ

Жэпуэгъуэм и 5-р Егъэджакlуэм и дунейпсо махуэщ. Ар ягъэлъапIэ 1994 гъэм къыщыщIэдзауэ. Егъэджакlуэм и лэжьыгъэр гугъущ икIи пщIэ зыхуэфащэ Iэщlагъэщ. Абы ирихьэлIэу фэзгъэцIыхуну сыхуейт си егъэджакlуэ, 10-нэ классым зи нэIэ къыттет Дзыгъур Люсенэ.

ПСЫГУЭНСУ дэт етIуанэ курыт еджапIэм илъэс 34-рэ хъуауэ ар щолажьэ. Люсенэ псэемыблэжу сабийхэр егъасэ, дыхуеуущий пэжыгъэм, щIэныгъэ зэдгъэгъуэтыным, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыным, нэгъуэщIхэми. Абы ирегъаджэ урысыбзэмкIэ, ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейт адыгэбзэр хъумэным и псэр зэретар. Бзэр тыншу зрагъэщIэну, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну 2014 гъэм Люсенэ къыдигъэкIащ «Азбукэ», илъэс дэкIа нэужь - «Адыгэбзэ. 2 класс» тхылъхэр. 2022 гъэм Дзыгъур Люсенэрэ Шэрджэс Расиятрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм дунейм къыщытрагъэхьащ «ЦIыкIураш» тхылъыр. Ар зи еджапIэ кIуэгъуэ нэмыса цIыкIухэм адыгэбзэр егъэщIэнымкIэ сабий гъэсапIэхэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм я дэIэпыкъуэгъу лъэщщ. Абдежым къыщызэтеувыIакъым Люсенэ и ехъулIэныгъэхэр. Я анэдэлъхубзэм сабий къыдэкIуэтейри, балигъри ирипсэлъэн, бзэр хуэшэрыуэу къагъэсэбэпын папщIэ мы гъэм къыдигъэкIащ «Си адыгэбзэ» («Учим кабардинский») гуэдзэныр.

Апхуэдэ егъэджакIуэ уиIэу, къыбдалъхуа бзэр фIыуэ умылъагъункIэ, уримыпсэлъэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Гъэщlэгъуэну и дерсхэр ирегъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, Люсенэ дыхигъэтащ «ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм» зэхиубла зэпеуэм. Ар теухуат «ЦIыхум и гъащIэм бжьэм мыхьэнэуэ щиIэр». Абы щыгъуэ егъэджакIуэм къригъэблагъат бжьэ зыгъэхъу, а Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI ди къуажэгъухэр. Гъэщlэгъуэн куэд къэтщIат дэ бжьэхэм я гъащIэм теухуауэ. Зэхьэзэхуэми етIуанэ увыпIэр къыщытхуагъэфэщат.

«Уи лъэпкъыр, абы и хабзэр, бзэр бгъэлъапIэу, ухуэфащэу дунейм утетын хуейщ», - къыджеIэ куэдрэ Люсенэ.

Сехъуэхъуну сыхуейт егъэджакIуэхэм я махуэ лъапIэмкIэ. Узыншагъэ быдэ, еджакIуэ жыIэдаIуэ, ехъулIэныгъэ куэд лэжьыгъэмкIэ фиIэну!

ГУМЭ Алинэ.

Лъагъуныгъэ, зышыIэныгъэ

Сабийр щIэныгъэм и дунейм хэзышэ егъэджакIуэм абы и гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. Псом хуэмыдэу куэд дыдэ елъытащ япэ егъэджакIуэм, тхэкIэрэ еджэкIэрэ зэрыригъащIэм къищынэмыщIауэ, а цIыкIухэм я гур щIэныгъэм къыхуэгъэушынир къыщежьэр абы и дежщ. Абы папщIэ егъэджакIуэм фIыуэ къыгурыIуэн хуейщ къыхиха IэщIагъэмкIэ ихь жэуаплыныгъэр зыхуэдэр. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зигу фIылъагъуныгъэ илъ, шыIэ зыхэлъ цIыхурщ егъэджакIуэфI хъунур. Абы и лъэныкъуэкIэ Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ дэт курыт школ №5-м и 4-нэ «А» классым щеджэ цIыкIухэм я насып къикIауэ къыдолъытэ.

ЕГЪЭДЖАКIУЭ нэсым и щапхъэщ ди сабийхэм анэ етIуанэ яхуэхъуа, а цIыкIухэр гукIи псэкIи еджэным дезыгъэхьэхыфа Тау Иринэ Анатолэ и пхъур. А бзылъхугъэр дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэтыфу, ядилъагъу зэфIэкIым нэхъ кууэ зэрызригъэужьыным хущIэкъуу апхуэдэщ. ЩIэныгъэм и дунейм и хьэлэмэтагъыр Iэмал гъэщlэгъуэнхэмкIэ захригъащIэрэ езы цIыкIухэми нэхъыбэ къызэращIэным тригъэгушхуэу и дерсхэр щIэщыгъуэу ирегъэкIуэкI. Зи псэм и хуабагъэмкIэ ди сабийхэм къадэгуашэ Иринэ, ахэр зэрыригъаджэм и мызакъуэуи, хабзэ, нэмыс, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ щIэблэщIэу а цIыкIухэр къызэригъэхъунми гулъытэ хуещI. И щIэныгъэкIэ, и акъылкIэ, и дуней тетыкIэ дахэмкIэ Тау Иринэ и пщIэр кърилэжьыжащ, абы ригъаджэ сабийхэм я адэ-анэхэм а бзылъхугъэм хуэтщI фIыщIэр гъунэншэщ.

ЕгъэджакIуэм и махуэм ирихьэлIэу 4-нэ «А» классым и еджакIуэхэми абыхэм я адэ-анэхэми къабгъэдэкIыу Иринэ дохъуэхъу узыншагъэ, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ иIэу, и зэфIэкIым хэхъуэу, и IэщIагъэм и хъер илъагъуу и IэнатIэм илъэс куэдкIэ пэрытыну.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. (12+)

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.466 Заказыр №2154

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А